NOMER: 38/II-2020

Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

DINAS KEBUDAYAAN (KUNDHA KABUDAYAN)
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA



Daya Pangaribawane Kaistimewan ing Satengahing Pageblug

jogja istimewa

UlukSalam

Kaistimewan ing Tengahing Pageblug



Salam Budaya Lestari Budayaku

WULAN Agustur, persise tanggal 31, taun 2020 iki genep sewindu UU Nomer 13 Taun 2012 babagan Kaistimewan DIY lumampah. Akeh kang kagungan wawasan lan sedya, tanggal 31 Agustus dikepyakake minangka Hari Keistimewaan DIY. Mesthi bae Kundha Kabudayan caos panyengkuyung jalaran, Kaistewan DIY iku ngemot surasa babagan kabudayan kang jangkep lan duwe daya pangaribawa kang murakabi tumrap warga masarakat DIY tumuju marang kamulyaning urip.

Pengetan dina kaistimewan kaajab ora winates pahargya ropyan-ropyan, nanging uga kudu dadi sarana anggone warga masarakat lan Pamarintah Dhaerah nulat salira, *refleksi diri*, anggone bebarengan ngayati tumindake dhawuh amanah kaistimewan saka tataran nilai-nilai luhur, wulang becik, kawruh, adat istiadat, basa lan susastra, ekpresi seni, nganti tumekan lampah gesang padintenan. Wis sewindu lawase, UU Kaistimewan lumampah, mesthi bae wus tumekan titi wanci kabiji kapecaki utawa *dievaluasi* kanthi pratitis lan manah kang wening. Kundha Kabudayan DIY kang piniji mengku gati ing babagan kabudayan mesti bae melu remen yen tansah ana panyaruwe saka masarakat. Jalaran, guyub nyawiji manunggal lan tembayatane masarakat lan Pamarintah dadi kunci pangetraping kaistimewan.

Mesti bae, tumekane Pageblug Pandhemi Covid-19 saya nambah bobot ruwet rentening pikir lan tumindak anggone padha bebarengan nikelake tumindak amrih kuncarane kaistimewan bisa saya mathuk lan teges kaya angkah sedyane UU Kaistimewan. Sanajan dikaya ngapa, para warga lan pamangku kabudayan ing DIY ora bakal selak ing wajib anggone netepi pakaryan ngleluri lan ngrembakakake kabudayaan. Jalaran, kabudayan wis manjing ing salirane para warga DIY. Kridha tumanjane kabudayan *gen*, ciri wanci gawan bayi warga masarakat DIY.

Majalah basa Jawa SEMPULUR, terbitan Kundha Kabudayan DIY asung palaporan bab kaistimewan ing satengahing pageblug. Kalawarti bisa kababar lan sowan para maos. Nuwun.

Aris Eko Nugroho, S.P. M.Si.
Pemimpin Umum/Penanggung Jawab

Ringkes



SEWINDU *Kaistimewan, tumrap kula taksih gadhah kekudangan supados kaistimewan boten dipunpahami winates istimewa amargi Sultan ugi Gubernur. Bobot lan kasunyataning kaistimewan rinaos ngantos dumugi tataran masarakat ingkang paling ngandhap. Rakyat, kawula, wong cilik. Tegesipun, Ngayogyakarta pantes istimewa sayektos.* **5**

KERATON *Ngayogyakarta mujudaken satunggaling keraton ingkang tasih jangkep, pusaka, paugeran lan tatanan gesang. Minangka warisan budaya Jawi ingkang tasih jangkep, Keraton tentu kasengkuyung wontenipun pusaka piyandel ingkang wiwit Sri Sultan Hamengku Buwono I ngantos sepriki tasih wonten injih punika, Pusaka Waos Kanjeng Kyai Ageng Pleret, Pusaka Keprabon Kanjeng Kyai Ageng Kopek dalah Kangjeng Kyai Ageng Sengkelat, Kanjeng Kyai Agung Purbaniyat lan Kanjeng Kyai Ageng Jaka Piturun.*



12



PANEMUNE *Prof Dr Chaerul Anwar Nidom, gurubesar biokimia lan biologi molekuler Unair, Surabaya, kang mratelakake menawa virus Corona angel nginfeksi masarakat Indonesia amarga masarakat Indonesia duwe tradhisi ngonsumsi unjukan utawa omben-omben herbal sarta panganan kang akeh bumbu herbale, sawatara wektu kepungkur, narik kawigatene masarakat.* **15**

DONGENGE kawiwitan saka nalika gurune, Sunan Kudus njajagi kasektene putra muride kuwi ing babagan keyakinan marang Gusti Allah SWT. Mligine ngenani pati kang diyakini ora bakal kedadeyan menawa durung dadi kersane Gusti Allah..



39

KATERANGAN GAMBAR SAMAK NGAREP



***JAGA JARAK.** Para waranggana ing pagelaran Wayang Golek kang kaadani dening Kundha Kabudayan DIY uga tansah suyut mituhu dhawuh protokol kesehatan, padha lenggah timpuh arang ora dhempetan, katata amrih bisa endha saka panulare wabah. Waranggana lan para seniman tetep bisa makarya sananjan kabiwara migunakake piranti live streaming utawa siaran on line. Para seniman kudu gelem tepung lang srawung teknologi digital minangka pambyawara olah senine. (foto-ifid khusnul)*

tasteofjogja | kebudayaandiy | budaya.jogjaprov.go.id

PEMIMPIN UMUM ■ **Aris Eko Nugroho, S.P., M.Si.** | PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Rully Andriadi, S.S.** | PENANGGUNG JAWAB REDHAKTUR ■ **Purwadmadi** | REDHAKTUR ■ **Drs. Dhanu Priyo Prabowo. M. Hum.** ■ **Dra. Sri Eka Kusumaning Ayu** ■ **Sumarno** ■ **Ardini Pangastuti** | EDHITOR ■ **Al. Sugeng Wiyono** ■ **Hayu Avang Darmawan** ■ **Budi Nugroho** ■ **Dian Korprianing** ■ **Setya Amrih Prasaja, S.S** | SEKRETARIAT ■ **Siti Nurhilmi** ■ **Tinto Bondan** ■ **Zita Uttungga** | JURU GAMBAR ■ **Ifit Khusnul** ■ **Lathif Cahyono** | LAYOUTER ■ **Y. Yustiananta** ■ **Ariyanta**

ISSN 2085-2673

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta

mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

ALAMAT REDHAKSI
■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POSEL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

Brunjung

Keistimewaan Yogyakarta lan Pandhemi

TANSAH dadi rembuge wong akeh, nganti sadonya, prakara anane pandhemi Covid-19. Sing padha tiwas cacahe atusan ewu (sajagad). Sanajan wus mawulan-wulan (wus setengah taun luwih), virus sing nggegirisi kuwi meksa durung bisa sirna amarga durung bisa ditemokake vaksine. Sanajan pambudidaya ngendhaleni lan ngusadani Covid-19 iku wus ora kurang-kurang saka pihak Pamarentah Negara Republik Indonesia (lan negara-negara liyane), virus sing nggawa memala tumrap manungsa kasebut isih mbabrah tumekane saiki.

Ewa semono, kahanan amarga anane pageblug Covid-19 ora banjur ndadekake awake dhewe kabeh banjur semplah lan tanpa pangarep-arep, mligine ing Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY). Ing satengahe panandhang, wargane masarakat ing DIY golek cara sing kreatif kareben sakabehing panandhang mau ora nuwuhake cures tumrap tumangkare panguripan. Upamane, para seniman lumantar karya-karyane--laras karo kawegigane dhewe-dhewe--banjur nglairake idhe-idhe sing bisa menehi 'pepadhang' marang wargane masarakat. Karya-karya mau racake padha disebar lumantar medhia sosial, contone You Tube. Iki mesthine bukti yen Keistimewaaan Yogyakarta kuwi riil lan bisa dibuktekake anane. Keistimewaan sing bisa ndayani urip terus sempulur tanpa kudu nggresula ngaruara. **(dpp)**

Gambar



Mirunggan ꦩꦶꦫꦸꦁꦒꦤ꧀

Sewindu Kaistimewan DIY Gumregah Martabat Yogya

SEWINDU Kaistimewan. Tanggal 31 Agustus 2012 Undang Undang Nomor 13 Taun 2012 babagan Keistimewaan DIY katetepake. Tanggal iku, lagi nedheng kaangkah bisa dadi Hari Keistimewaan DIY.

Undang-undang Nomer 13 taun 2012 babagan Kaistimewan DIY gayut kalihan Kasultanan Ngayogyakarta lan Kadipaten Pakualaman. Kasultanan lan Kadipaten kalebet udakara 250 masarakat hukum adat *(trechtgemeenschappen)*. Kekalihipun kagungan otonomi ageng, pramila kawastanan "tanah kerajaan" (Vorstenlanden). Kasultanan lan Kadipaten kagungan lelandhesan pranatan paugeran hukum kuwat kang kaparingake Ratu Walanda utawa *Koninklijk Besluit* minangka dhaerah merdika, *idenpenden*adeg kalenggahane padha karo nagara.

Pramila menika nalika Ngayogyakarta ibukota Republik Indonesia Serikat, Tentara Walanda boten mlebet kitha Ngayogyakarta amargi kaawisi dening hukum internasional. Kasultanan lan Kadipaten puniku nagara merdika. Mila nalika tentara Walanda nrajang Yogya, pawadanipun aksi polisional, dede aksi militer.

Pengaken (*recognition*) lan pakurmatan *(respectation)* dhumateng Kasultanan lan Kadipaten sampun samesthinipun amargi sejarah lan konstitusi sampun wujud *fakta politis* lan *empiris*, kawontenan kang nyata, sarta pawadan sosio-historis Kasultanan lan Kadipaten sampun dipunakeni dening Pamarintah Hindia Belanda minangka nagari. Pramila, saderengipun Negari Indonesia merdika ing 17 Agustus 1945, Kasultanan lan Kadipaten dipunakeni minangka Negara lan dipunakeni hukum internasional.

(Kapethik kaolah saking tulisan KPH. Bayudono Suryoadinagoro)

KPH YUDAHADINGRAT:



KPH YUDAHADININGRAT ing acara peluncuran buku Kraton Yogyakarta Pusat Budaya Jawa **(foto-fit)**

"SADANGUNE sewindu kaistmewan, DIY pikantuk gungan wujud dana kaistimewan. Dhawuh Ngarsa Dalem, dana kaistimewan kedah mboten dipunkorupsi, sarupiah kewala. Dana kaistimewan kedah dipunginakaken kangge masarakat Yogyakarta. Mangga kita ampingi sesarengan supados danais saged dipunraosaken lair batin dening masarakat Yogyakarta. Mawi danais saged dipunagem sarana nyuda *angka kemiskinan*. Ing taun 2020 angka kemiskinan (DIY) sampun saged kasuda 2,5 %. Pilar-pilar urusan kaistimewan intisarinipun ing kabudayan, lan samenika

wonten kebijakan saking Pemerintah Dhaerah DIY, bilih saben Kabupaten/Kota kedah kagungan rumah budaya, samangke saben desa kedah saged dados desa budaya. Dumugi samenika sampun wonten 56 Desa Budaya. Emanipun, miturut pemanggih kula, Desa Budaya ingkang sampun wonten dereng saged manjing lan madeg desa budaya kang sayektos nanging taksih winates dados desa budaya ingkang ngawontenaken kridha lan kiprah seni-budaya. Tuladhanipun, anggenipun sami gegulang lan gegilut ngagem aksara ha na ca ra ka taksih winates. Tata krama, paramasastra, unggah ungguh sampun kathah ingkang katilar. Mangga sami sesarengan wangsul ngagem adat wulang budi pekerti luhur, unggah ungguh, trapsila lan subasita. Taksih kathah generasi milenial ingkang dereng paham bab wulang luhur. Kula lan kita sedaya ngajak Dinas Kebudayaan saya terus grengsengaken Desa Budaya ngantos dumadose Desa Budaya ingkang utuh, pantes lan mungguh. Bener lan pener. Desa Budaya kang sayektos."

IR. YUWONO SRI SUWITO:

"SEWINDU Kaistimewan, tumrap kula taksih gadhah kekudangan supados kaistimewan boten dipunpahami winates istimewa amargi Sultan ugi Gubernur. Bobot lan kasunyataning kaistimewan rinaos ngantos dumugi tataran masarakat ingkang paling ngandhap. Rakyat, kawula, wong cilik. Tegesipun, Ngayogyakarta pantes istimewa sayektos. Kaistimewan saged nuwuhaken pengaji kang murwat wujud kridha lan kiprah Pemerintah Dhaerah kang pinunjul anggenipun damel kupiya amrih kamulyaning kawula. Boten wonten malih kawula ingkang gesangipun kacingkrangan. Kaistimewan kagem kamulyaning warga. Menawi samangke para kawula sampun sami waradin saged ngraosaken gesang mulya, ayem tentrem lair tumusing batos, boten namung winates cekap pangan, sandhang, lan papan, nanging saestu sejahtera lair batin, menika nembe saged kawastanan istimewa. Pengangen kula, menawi warga sampun sejahtera lair batin niku nembe istimewa."



IR. YUWONO SRI SUWETO ing acara peluncuran buku Kraton Yogyakarta Pusat Budaya Jawa ***(foto-fit)***



DR. HARYADI BASKORO:

"Yogya istimewa, sanes istimewa kagem Yogya kemawon. Yogya istimewa kagem Indonesia, kados ingkang sampun kabukti saking sumbangsih Ngayogyakarta ing jaman kawuri. Sewindu utawi wolung taun sasampunipun Undang Undang Kaistimewan katetepaken, Yogya istimewa kedah saya ketingal undhaking karakter jatidhirinipun, sarwa-sarwi remen tembayatan, tansah makarya tumemen, lan murakabi tumrap Indonesia lan dunia"

Dr. Haryadi Baskoro, pimpinan Museum Kaistimewaan ***(foto-dok museum keistimewaan)***



Pageblug Tumrap Wong Jawa

Penggender naliki ngiring Wayang Golek Menak, ngagem panutup pasuryan nganggo aling mika bening. **(Foto: fit).**

Wigatine Slamet

TEMBUNG slamet utawa keslametan mujudake tembung wigati tumrap uripe wong Jawa. Slamet ing kene ditegesi ora mung ndumuk marang keslametane raga/badan, nanging uga keslametane jiwa/sukma, sarta jagad raya saisine. Mula ora mokal yen sakridha-kridhane wong Jawa kuwi ancase tumuju marang keslametan. Ya slamet donyane, ya slamet akhirate. Ukara-ukara sluman slumun slamet, entek apa-apane ora apa-apa sing penting slamet, begja isih diparingi slamet lan sapiturute nuduhake menawa keslametan kuwi mujudake bab sing paling wigati tumrap uripe wong Jawa ing donya tumekane delahan. Bab kaya ngene iki uga nate tinulis dening Mohammad Sobary minangka Catatan Penutup ing buku Ruwatan Sukerta anggitane Sri Teddy Rusdy sing diterbitake dening Yayasan Kertagama, Jakarta, taun 2012.

Ana maneka cara kanggo nggayuh marang keslametan kuwi mau. Wiwit saka tumindak sing sipate ragawi nganti tumindak sing sipate rohani utawa spiritual. Ing tumindak ragawi bisa dituladhakake kanthi anane unen-unen, sing ngati-ati, aja grusa-grusu amrih slamet, kena alangan ora apa-apa sing baku slamet, lan sapiturute. Kanthi mangkono wong banjur ngupaya supaya salakutindake banjur diati-ati supaya ora nemu pepalang sing bisa ngincim utawa nyilakani tumrap ragane. Dene tumindak utawa kupiya kanggo nggayuh keslametane jiwa utawa jiwa-raga umume ditindakake kanthi laku utawa tumindak sing sipate ritual-spiritual.

Laku ritual-spiritual iki mau bisa ditindakake ijen utawa rombongan. Laku sing kaya ngono mau umume diajab utawa dipercaya bisa dadi srana kanggo ngudhari pepalang/ruwet renteng/bebendu sing disandhang dening individu, kulawarga, kelompok, utawa masarakat umum, nusa bangsa, lan donya. Laku-laku ritual-spiritual dening individu/kelompok iki ing masarakat Jawa kerep ditindakake kanthi nindakake pejiarahan/tirakat/mertapa ing papan-papan sing dianggep keramat sing pinercaya bisa nuwuhake karomah/wahyu/inspirasi utawa daya-daya supranatural sing banjur bisa ngudhari panandhang. Bab kaya ngene iki wis akeh tinulis ing babad, serat, piwulang, lan sapiturute.

Laku ritual-spiritual sing ditindakake dening para individu iki mau umume diajab bisa ngudhari panandhang individune. Mbuh kuwi prakara rumah tangga, pangkat, drajat, semat, kemat, penglarisan, pengasihan, mari saka lelara, lan sapiturute. Dene yen ditindakake kulawarga utawa kelompok, umume diajab kanggo ngudhari panandhange kelompok mau. Mbuh kuwi merga kelompoke nandhang sial, nglanggar wewaler, medhot sot/kutukan, lan sapiturute.

Tumindaking laku ritual-spiritual iki mau kejaba ditindakake kanthi cara jiarah/tirakat/mertapa/pasa/sesirik, uga ditindakake kanthi cara sing disebut merti utawa ruwat. Merti utawa ruwat umume ora mung ditindakake kanthi ijen-ijenan wae sebab bab iki mbutuhake kridha lan pambiyantune wong liya. Upamane merti dhusun/dhesa, bab iki mesthi wae

nggepok kabeh warga dhusun/dhesa. Mula banjur ditindakake kanthi dikoordinir sadhusun/sadhesa. Kaleksanane tumindak bisa bareng tunggal dina lan saate.

Tembung merti bisa ditegesi ngupakara, mbeciki, ngapik-apik, ngopeni, ngurip-urip, gawe endah, lan sapiturute. Dene ruwat bisa ditegesi luwar saka panandhang utawa luwar saka wewujudan kang salah. Yen merti umume digunakake kanggo ngupakara dhusun/dhesa, dene ruwat umume ditrapake kanggo wong sing dianggep sukerta (reget). Wong sukerta dianggep reget jalaran manut "rumus" ruwatan wong mau nandhang suker marga proses lair lan anane ing donya dianggep kleru/kurang pas. Wose, ruwat utawa ruwatan ditindakake kanthi pangajab bisa ngluwari saka panandhang, kaluputan, sot/kutukan, lan sapiturite saengga uripe dadi resik/suci lan sampurna.

Pageblug Covid-19

Pageblug, bancana, kecilakan sing disengguh ora pati lumrah/luar biasa tumrape wong Jawa uga kerep disambungrapetake karo kahanan sing ora katon mata wantah (supranatural/adikodrati). Mula anggone nampa lan ngemonah uga kerep ditindakake kanthi cara-cara kaya kang wis kasebut ing ndhuwur. Ing kahanan kaya ngene iki umume dipercaya menawa kabeh sing dumadi ing alam donya iki ora madeg dhewe-dhewe. Kabeh sesambungan antarane siji lan sijine. Antarane alam wadhag lan alam rohani. Alam nyata lan alam gaib. Mula tumrape wong Jawa apa sing disebut seimbang-selaras (harmoni) kuwi mujudake bab sing wigati. Nalika sijine lokak utawa luwih abot, bab sing disebut selaras kuwi mau dadi njomplang.

Anane pageblug, panandhang, lan sapiturute kuwi tumrape wong Jawa kerep disengguh menawa ana bab sing njomplang (ora selaras). Pageblug Covid-19 uga kerep sinengguh marga ana bab sing ora selaras. Ora selaras jagade utawa ora selaras manungsane. Ora selaras jagade mahanani jagad rusak saengga apa sing maune ora ana/ora mbebayani (penyakit Covid-19) banjur dadi ana, ngrembaka, lan mbebayani.

Wong banjur pineksa kudu ana ngomah. Ora kena sesambungan raga siji lan sijine. Kudu ana elete yen jejeran. Tutuke kudu dimaskeri. Kudu sregep wijik. Kudu tansah ngudi supaya awak bregas kuwarasan. Yen bar lelungan kudu disemprot desinfektan. Sandhangan sing bar dienggo lunga kudu enggal dikumbah nganggo deterjen. Kabeh iki mau satemene bisa ditegesi merti diri pribadi lan merti warga bangsa lan nagara. Kepara malah donya. Awit yen ora ngono bisa mbilaheni temenan. Pageblug iki ora kena sinepelekake awit wujude ora katon mata wantah, anggone nular ora rinasa lan ngerti-ngerti wis tumama, obate durung ana, lan nular banget tumrap wong liya.

Ing kahanan kaya ngene iki kabeh wong kudu prihatin sarta dipeksa kudu gelem meper pepenginan lan karepe. Bab ngene iki kena disebut tirakat/mertapa/pasa lan tundhone jiarah lan batine dhewe-dhewe amrih slamet lair lan batine. Wong kudu merti diri pribadi, kulawarga, lan lingkungane. Kanthi cara-cara kaya kang wis sinebut ing ndhuwur, protocol kesehatn Covid-19, lock down, PSBB, lan sapiturute.

Yen ta ruwatan Murwakala umume luwih mligi kanggo ngruwat sukertane individu-individu, ruawatan Makukuhan digunakake kanggo ngruwat papan, kayata pekararangan, pomahan, toko, tegalan, sawah, bulak, lan sapiturute. Ing kahanan paglebug Covid-19 wong-wong ya kudu ngruwat papane dhewe-dhewe. Ana sing nyemprot kabeh pomahan ing RT, RW, lan dhusun. Ana sing nyemprot dalan lan taman-taman ing kutha. Kanthi mangkon rong jinis ruwatan uga bisa sinebut ditindakake kanthi "klambi" sing beda ing kahanan pageblug Covid-19 iki. Dene isolasi sing ditindakake kanthi nglumpukake wong sing wis kena utawa dinuga kena Covid-19 lan banjur diterapi/diobati mbokmenawa kena diarani kaya dene diruwat kanthi ruwatan Sudhamala. Ruwatan Sudhamala umume ditindakake kangogo ngruwat kelompok (wong pirang-pirang) sing panandhange padha/meh padha amrih luwar saka panandhang mau. Kelompok sing diisolasi mbokmenawa memper karo kelompok sing diruwat kanthi cara ruwat Sudhamala.

ALBERTUS SARTONO

Sumber:

Mulder, Niels, 1996, Pribadi dan Masarakat di Jawa, Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.

Murniatmo, Gatut, 2003, Budaya Spiritual: Petilasan Parangkusumo dan Sekitarnya, Jakarta: Kementrian Kebudayaan dan Pariwisata.

Teddy Rusdy, Sri, 2012, Ruwatan Sukerta dan Ki Timbul Hadiprayitno, Jakarta: Yayasan Kertagama.

Wigatine Tradhisi Kapujanggan ing Era Kaistimewan DIY

DHANU PRIYO PRABOWO

WUS padha kauningan, menawa sebutan (istilah) *pujangga* saiki wus ora tinemu maneh ing jagading sastra Jawa sapungkure R.Ng. Ranggawarsita. Nanging, ana ing kene ora arep dirembug prakara pujangga kaya ing jaman samana. Wondene underane gegayutan karo tumangkare sastra Jawa (jinis gagrak anyar lan gagrak lawas) sing isih padha ditulis lan disempulurake dening para pengarang Jawa, mligine ing Daerah Istimewa Yogyakara.

Anane UU No 13 Taun 2012 sing ndunungake bab Keistimewaan Yogyakarta dadi sawijining pangaribawa marang 'tumuse' tradhisi kapujanggan ing Ngayogyakarta. Luwih-luwih sawuse Dana Keistimewaan bisa ndayani uripe kasusastran, utamane Jawa, ing wewengkon DIY. Lumantar Dinas Kebudayaan DIY, kasusastran Jawa kaparingan kawigaten kanthi maneka kegiatan sing manjurung marang ngrembakane sastra Jawa. Nyebut tadhisi kapunjanggan ing Yogyakarta iku tegese nguningani menawa sastra Jawa tetep dadi perangan sing ora bisa kapisahake (nyawiji) karo Yogyakarta iku dhewe.

Tradhisi kapujanggan ing era Keistimewaan Yogyakarta iku saiki ditegesi 'ngrembakane' sastra Jawa ana ing satengahing masarakat, saka kutha nganti tekan karang padesan, gunung ngagunung. Karya-karya sastra Jawa sing bisa menehi gegambaran marang tekading Yogyakarta anggone terus ngemonah kanthi kreatif nilai-nilai kabudayan Jawa. Pangancase, nilai-nilai kabudayan Jawa bisa sumrambah, ora mung winates ing DIY bae, nanging kepara uga mratah nganti sa-Nusantara.

Para pengarang sastra Jawa gagrak anyar (novel, geguritan, crita cekak, drama, esai) apadene pengarang gagrak lawas (macapat) ing era Keistimewaan Yogyakarta duwe "tanggung jawab" marang uripe sastra Jawa kanthi 'roh' sing luwih 'bregas' anggone gawe yasan. Kreativitas dadi tantangan sing kudu bisa dituduhake kareben karya-karyane bisa ditampa dening sagunging bebrayan Jawa. Sastra Jawa tradhisi kapujanggan ing era Keistimewaan Yogyakarta ora mung dadi wacan kalaning nganggur, nanging bisa dadi rujukan marang urip lan panguripaning manungsa sing saya kompleks.

Saka perangan cacahe (kuatintase), ngrembakane sastra Jawa saiki bisa disebut luwih nyenengake (tinimbang 30 taun kepungkur), nanging durung bisa 'dicekel' bab kualitase. Jalaran anane teknologi cetak sing kapetung murah njalari saben pawongan sing durung 'ganep' basane wis bisa 'madeg' dadi pengarang, penggurit, lsp lelantaran buku-buku sing diterbitake dhedhewekan. Duwe dhuwit duwe karya bisa gawe buku (lan cilakane padha didol). Prakara kaya ngene iki wus samesthine kudu didandani. Upamane, ing bab underane prakara. Racake, anggone nggarap mung satleraman bae lan katon nalika dadi buku/karya durung mateng. Yen diicipi kaya jangan kurang bumbon lan durung trampil angracike.

Pengarang sing kaya disebutake mau sajake nganggep yen nulis karya sastra abasa Jawa kuwi cukup kanthi paitan (modhal) bisa 'ngomong' basa Jawa kabeh wis dianggep 'rampung'. Ora lidhok yen bab sing mangkene iki tundhone gawe rusake alam satra Jawa. Sejatine, nulis kanthi migunakake basa Jawa nganggo aksara Latin kuwi ora mung prakara nulisake 'omongan' basa Jawa ing sajroning tembung lan ukara. Nanging, nulis abasa kuwi kudu bisa slulup ing dhasaring jagad Jawa sing sinandhi ing basa.

Suparto Brata, pengarang Jawa gamben, tau ngendika yen *nulis* itu dudu kodrate manungsa, jalaran nulis iku kudu disinaoni. Suwalike, *ngrungokake* iku kodrate manungsa amarga tanpa kudu sinau manungsa pungkasane bisa omong. Tegese: nulis iku magepokan karo olah budaya sing kudu dilatih lan manungsa ora bakal bisa nulis yen tanpa sinau. Jaman Jawa Kuna pawongan sing bakal dadi *empu/mpu* utawa pujangga kudu taberi sinau. Ora mung ngendelake sugihe kreativitas lan imajinasi (pangentha-entha) bae, nanging uga mumpuni ing babagan spiritual. Mula mpu/pujangga banjur dari *parang pitakonan* lan ing tataran tartamtu dadi *sumur lumaku tinimba*.

Jaman kraton Jawa dadi sumber utamaning nilai, sastra Jawa condhong dadi karya sing normatif (nengenake perspektif kapriyayen). Suwalike, jaman saiki sastra Jawa luwih individual sarta ora kinungkung maneh kaya kala semana. Beblese, sastra Jawa gagrak anyar iku sastra bebas tanpa kamomotan kontrol saka otoritas tartamtu (kraton). Sastra Jawa gagrak anyar ngumandhangake personal/pribadine pengarang. Ewa samono, *keestetikaan* iku ora ujug-ujug tekane utawa babar pisan ora ana sesambungane karo kabudayan sing wus tau ana. Awit saka iku, esetika kudu tetep duwe rerangken sing bisa menehi *pepadhang* marang para maos. Dadi esetika iku ora mung bab *kaendahan* bae, nanging uga dalan sing bisa mbukak bab-bab anyar kanthi salaras.

Tradhisi kapujanggan ing era Keistimewaan Yogyakarta tegese tradhisi laire karya-karya sastra Jawa sing lelandhesan daya kreatif amarga daya sing mangkono mau kareben bisa kanggo titikan anane owohan-owahan sing 'manjila' karo jaman sadurunge. Supaya gegayuhan kaya ngono mau ora ngayawara, sing kuwagang lan mungguh dadi pangembaning sastra Jawa lan budya Jawa diajak bebarengan nyambut gawe. Lire, ora masrahake mbangun tradhisi kapujangan ing Ngayokarta marang wong sing 'kemrampo' nanging tundhone tradhisi luhur kapujanggan sing arep ditetangi malah alum ngarah karusakan. Sastra Jawa gagrak anyar dudu komunitas saka jagad sing minoritas, jalaran sastra Jawa iku satemene "jagad sing tansah dilari" dening wong Jawa nalika wus tekan puncak 'pangumbarane' awit padha kangen "dadi Jawa maneh".

DHANU PRIYO PRABOWO,
Panaliti sastra Jawa, redaktur Majalah Sempulur

MUSEUM KEISTIMEWAAN JOGJA
Rerawat Patriotisme Mataram



Dr. Haryadi Baskoro, pimpinan Museum Kaistimewaan suka katerangan marang tamu museum ***(foto-dok museum keistimewaan).***

DIGAGAS kawit taun 2018, wulan Oktober, Museum Keistimewaan duwe pangajab supaya museum bisa kanggo papan pajurung lestarine gegayuhane leluhur Mataram, nilai-nilai luhur Mataram, yaiki "volunterisme" utawi jiwa patriotik Mataram.

Gegayuhan agung iku banjur diwiwite ngumpulake dokumen, buku, video lan kliping babagan perjuangan rakyat Yogja nyawiji ana dumadine Undang-undang Keistimewaan. Kanthi serial diskusi memet kang diadani lan sinengkuyung Forum Kusumanegara, gagasan Museum Keistimewaan Jogja, dipun kepyakake, 19 Nopember 2019. Kapratandani tapak asta dukungan saka eleman masarakat. Kayata, kaum milenial duta-duta Keistimewaan, seniman dan budayawan, para penjaga Makam Pahlawan seluruh DIY lan tokoh-tokoh masarakat.

Museum Keistimewaan sawijining museum ingkang unik, pawitane krenteg, niyat ingsung Ngayogyakarta duwe Museum Keistimewaan kang jangkep, papan kanggo nyimpen samubarang bab sing magepokan sejarah Mataram, Sejarah Perjuangan Rakyat Jogya, Sejarah Keistimewaan lan sakpanunggalane.

Museum Keistimewaan ing Jl Tunjung Baru B-8 Baciro, ana ing ndaleme almarhum Sudomo Sunaryo, priyagung kang greget sengkut gawe kupiya amrih ananing Undang undang Keistimewaan. "Ruang tamu istimewa," ngono kandane Dr. Haryadi Baskoro puterane almarhum ingkang nyediake ndaleme kanggo Museum Keistiswaan Jogya.


Ana ratusan buku2, manuskrip, kliping koleksi pribadi kaluarga Haryadi Baskoro di pajang ana rak2 buku . "Buku kuwi sik isa ngabarke kasunyataan, bukti sejarah sik ana bukti tertulise," ngendikane Haryadi Baskoro. Mula rikala Untung Sukaryadi, Kepala Dinas Sosial DIY duwe gawe ngusulake Sri Paduka Paku Alam VIII dadi Pahlawan Nasional, Museum Keistimewaan tanggap ing gawe sengkuyung kanthi gawe buku sosok Sri Paduka Paku Alam VIII lan melu dadi panitia seminar ing Yogya lan Jakarta.

Menurut Ki Bambang Widodo Ketua Barahmus DIY rikala kepyakan Museum, "Museum iki penting, apa maneh tuwuh saka karep sedyane warga. Museum kedah duweni koleksi ingkang spesial, sokur wonten koleksi ingkang unik, kula minangka Ketua Barahmus DIY tumut remen. Mangga enggal punurus mlebet anggota Barahmus"



Para tamu museum lagi padha mratitisake anggone mirsani koleksi museum. ***(foto-dok museum keistimewaan)***

Museum Keistimewaan ora tau sepi saka kunjungan masarakat, saka Ibu-Ibu AAU, para mahasiswa lan malah wis tahu tampa tamu mahasiswa saka Rusia lan Belanda. Para punggawa DIY kayata Kepala Dinas Sosial DIY Untung Sukaryadi, Kepala Kominfo DIY Roni Primanto, Kepala Dinas Koperasi dan UMKM Srie Nurkyatsiwi, Ketua Dekopinwil DIY Syahbenol Hasibuan uga wis niliki Museum Keistimewaan. (Sigit Sugito)



Baluwarti

"Maca Yogya Maca Kraton"

"**YEN** arep sinau babagan bangsawan Jawa, gaya teka lan mara neng Nyayogyakarta", mangkono pambukane paring lebda sabda Sri Sultan Hamengku Buwono X ing weca wiwitan pambukane Buku Kraton Yogyakarta Pusat Budaya Jawa, kang kaserat dening Ir. Yuwono Sri Suwito, M.M. kawedalake dening Dinas Kebudayaan DIY, 2020. Pancen buku ini sanyata bisa gawe para maos padha banjur luwih pana cara carane maos Yogya tumus bobot kawruh kang kapratandha saka sakehing wewangunan. Mligine anggone padha saya tepung lan dunung marang warisan budaya istimewa Kraton Ngayogyakarta jangkep rakit papan panggonane sapengidul lan pengalore.

Ir. Yuwono Sri Suwito, paring pangandikan yen buku kang kaserat lan kababar ini minangka sarana wulang kawruh marang sapa wae kang kepengin mangerteni babagan Yogya, babagan Kraton salumah kurepe. Kabeh wewangunan kang karakit nyawiji manunggal manjing ing filosofi, sejarah, budaya, tata ruang, lan arsitektur. Kepara ing babagan arsitektur ing buku iki antuk kawigaten kang gedhe sinartan gambar foto kang cocok-mantesi.

Kabeh wewangunan kang magepokan kulawan Kraton Ngyogyakarta, saka Tugu Pal Putih nganti tumekan Panggung Krapyak, uga wewangunan sajroning Kraton, kaandharake kanthi pratitis lan urut baka siji. Mula, midherek andharane Ir. Yuwono Sri Suwito kang kaweca pratitis iki banjur akeh banget babagan kang tumekan saiki durung kababar sumebar banjur bisa kawuningan. Kabeh wewangunan ora mung yasan wewujudan kanggo rakiting lampah panggesangan, nanging kabeh ngemot pratandha perlambang lan teges kang wigati kanggo pepeling lan pitutur gesanging manungsa, saka guwa garba nganti tumekane lampus.

Wasita kang sinandi, sumimpen wing sengkalan lamba lan sengkalan memet, kabeh kaparingan andharan kang mathuk lan mungguh tumrap wong kang lagi wiwit tepung wewangunan Kraton nganti tumekan priyantun kang bakal saya njlimeti werdine kagunan Kraton wujud wewangunan lan kabeh wasita kang sinandi. Sujarah lan filosofi tansah sinandhing ing saben wewangunan. Lan, kabeh wewangun duwe teges kang asipat wulang ora winates pratandha sujarah. Mula, sinajan andharan kaweca miturut urut lampahing wewangunan nanging saben wewangunan ana gandheng cenenge kulawan sujarah, filosofis, lan pigunane papan ing sarinten dalune. Kabeh wewangunan duwe fungsi praktis nanging uga ngemot surasa wulang lan pemut kang punjere saka kawicaksanane para priyagung lan ngaluhur ing nguni.

Umpane, katerangan bab Pagelaran utawa uga kasebut Tratag Rambat. Wewangunan kraton kang ngarep dhewe madhep ngalor. Akeh kang duwe panduga, pagelaran saka tembung gelar, mula papan kanggo anggelar lelangen utawa tontonan. Kamangka, pagelaran iku tegese saka tembung gilar kang tegese padhang. Uga saka tembung gelar, kang tegese papan kanggo anggelar rakiting prajurit kang bakal mangsah ngayuda. Arang kang pirsa, yen saka Pagelaran wis nate ganti saka kayu jati (jaman HB I), banjur ganti pasangan bata, lan saiki sakane isih ngagem wesi balitung. Biyen payone saka empring banjur diganti nganggo seng kandel jaman HB VIII. Uga kagawe wewangunan pasangan kolom cacah wolu nganggo kanopi sisih lor segi telu, lan kanopi sisih kidul lengkung. Banjur buku iki uga paring andharan babagan cihnaning dalem, prajacihna, makara, sengkalan memet kang bisa kawaca saka buntut kumbang lan biawak. Saka lata (ron) lan kembang.

Katerangan saben wewangunan kajlentrehake kanthi cetha pratitis. Saka Tugu Golong Gilig nganti tumekan Panggung Krapyak. Wewangunan sajroning Kraton kang kajlentrehake saka Alun Alun Lor tumekan Alun-alun Kidul udakara 65 wewangunan. Jangkep sakkaterangan sujarah, filosofi, arsitektur, lan pigunane. Maca buku ini, bisa maca wewangunan Kraton jangkep sakpamengkune karsa. Maca wewangunan

kraton tuwuh pangentha-ngetha, para luhur kang yasa Kraton pancen priyagung limpat. Nanging para priyagung ing jaman iki uga padha limpat amarga bisa gawe andharan kabeh babagan kang sinandi wing wewangunan. Maca Kraton, maca Yogya, maca istimewane.

Kabeh katerangan kang taliti lan pratitis iki bisa dadi pratandha gendhe tumrap bobot werdine Kraton Ngayogyakarta kang saben perangan duwe teges kawruh lan wulang kang jangkep. Bisa ingaran samukalir bab ing Kraton Ngayogyakarta ana werdi lan wulange. Satemah, Ngogyakarta bisa jangkep anggone netepi jejering dhaerah istimewa. Istimewa priyayine, istimewa warisan budayane. **(pdm)**



Foto 175
Bangsal Manchabalasara tempo doeloe
Sumber: Tropen Museum



Foto 176
Bangsal Manchabalasara
Sumber: Dinas Kebudayaan DIY

Foto-foto Buku Kraton Yogyakarta Pusat Budaya Jawa. **(Foto: fit).**

10.Bangsal Kothak

Sepasang Bangsal Kothak terletak simetris (utara – selatan) di sebelah timur Bangsal Kéncana. Bangsal tersebut berbentuk *Limasan Tèbèngan (Apitan)* yang berfungsi sebagai ruang tunggu para penari sebelum pentas




Foto 177
Bangsal Kothak tahun 1895
Sumber: KITLV



Foto 178
Bangsal Kothak sisi selatan, pada tahun 2019
Sumber: Dinas Kebudayaan DIY

Pusaka-pusaka Piyandel Warisan Budaya Istimewa

KERATON Ngayogyakarta mujudaken satunggaling keraton ingkang tasih jangkep, pusaka, paugeran lan tatanan gesang. Minangka warisan budaya Jawi ingkang tasih jangkep, Keraton tentu kasengkuyung wontenipun pusaka piyandel ingkang wiwit Sri Sultan Hamengku Buwono I ngantos sepriki tasih wonten injih punika, Pusaka Waos Kanjeng Kyai Ageng Pleret, Pusaka Keprabon Kanjeng Kyai Ageng Kopek dalah Kangjeng Kyai Ageng Sengkelat, Kanjeng Kyai Agung Purbaniyat lan Kanjeng Kyai Ageng Jaka Piturun.

Andalan ingkang paling inggil minangka pusaka gotrah injih punika Kanjeng Kyai Ageng Plered. Pusaka punika minangka piyandeling keratin lan trah Hamengkubuwanan. Laras kaliyan asmanipun dhapuripun pleret, lan namung Sultan sarta Pangeran Sepuh ingkang dipun parengaken nyepeng pusaka waos punika. Rumiyin saben upacara Garebeg Maulud taun Dal sesarengan pusaka sanesipun KKA Pleret dipunpapanaken ing Sitihinggil lajeng kaarak lumarap dhateng Masjid Ageng. Namung wiwit Sri Sultan Hamengku Buwono IX upacara dipun leksanani ing Bangsal Kencana.

Injih waos punika ingkang nate kagem nombak Arya Penangsang. Tombak punika ugi dening Pangeran Puger kagem nyedani komandan pasukan Kumpeni ingkang nama Kapten Tack.Miturut Babad, Waos punika gadhah legenda utawi mitos ingkang radi nyleneh. Mbok menawi punika namung kagem ngiyataken bilih pusaka piyandel punika panci nggadhahi sujarah ingkang ngedhap edhapi. Cariyos punika mratelakaken bilih waos punika dumadi saking plananganipun satunggaling Syech ingkang nembe samadi ing sanginggiling sendang. Wusananipun lajeng wonten tokoh tokoh kadosta Kidang Telangkas ing Tarub, Ki Ageng Getas, Ki Ageng Nis, Ki Ageng Pemanahan, Sunan Seda Krapyak, Sultan Agung, Sunan Seda Tegalarum, Pangeran Puger(Prabu Mangkurat) ing Kartasura lan pungkasanipun kaasta Sri Sultan Hamengku Buwono I.

Carios sanes nelakaken bilih Tombak punika nalika Geger Pecinan ing Kartasura dados rebatan. Lha ingkang saged ngasta namung Pangeran Mangkubumi injih Sri Sultan Hamengku Buwono I. Dene carios sanesipun



nyariosaken bilih waos punika saking Sunan Amangkurat IV. Pusaka punika panci dipun paringaken nalika Pangeran Mangkubumi dados Pangeran Sepuh ing Surakarta.

Dene piyandel sanesipun ingkang ngandut cariyos nyleneh injih KKA Kopek. Keris adhapur Jalak Sangutumpeng apamor lar gangsir warangka Cendana Wangi pendhok blewehan, punika ngandut carios ingkang radi aneh. Miturut cathetan sejarah pusaka punika tandha mata saking Susuhan Pakubuwono III nalika Pangeran Mangkubumi dipunangkat dados Sultan Ngayogyakarta ing 13 Februari 1755. Sasampunipun Prajanjian Giyanti.

Dene asal muasal pusaka saking Sunan Kalijaga nalika Sultan Agung saged batang sayembara ingkang dipun adani dening Sunan Kalijaga, ngengingi Jamus Kalimasada lan Samiaji. Saderengipun maringi patembaya Sunan Kalijaga sampung paring sasmita meng-ko pek-en, lajeng katelah Kopek. Kenging punapa dados piyandeling ngagesang karana keris punika nggadhahi pangertosan ingkang lebet, jalak punika manuk ingkang dhokoh ananging taksih ngasta tumpeng. Kamangka Jalak mboten nedhi sekul. Pramila punika kangge pralampita bilih pusaka punika kagem tiyang ingkang kagungan jejibahan dados pengayom lan pengayeming ngagesang.

Foto ini diambil/ dipotret dari foto-foto yang dipajang dalam materi display pameran di Kraton Yogyakarta.





Dene carios sanes nelakaken menawi kopek punika kawinipun Payasdara ingkang dados semangat welas asih. Ing carios pewayangan dipungambaraken dados aji Maundri kagunganipun Senggana Anoman.

Piyandeling Keraton Ngayogya salajengipun injih KKA Sengkelat. Pusaka punika sejatosipun dados penandha jaman. Karana paringanipun Sunan Kalijaga dhateng Prabu Brawijaya supados para satriya Majapahit nalika semanten mertobat nurut margining Pangeran. Karana ing jaman samanten Majapahit bosah baseh. Injih Pusaka punika ingkang lestantun mapan ing Dalem Prabayeksa Kraton Ngayogyakarta. Pusaka punika Dhapur Sengkelat luk 13 ricikan komplit, dene pamoripun mboten kasebat, kawarangkani Cendana Wangi Ngepang. Dipun agem Sultan menawi wonten upacara ingkang gegayutan kaliyan keagamaan.

Dene salajengipun KKA Purbaniyat, keris Pepatih Dalem ingkang adhapur Maesa Teki, sanget prasaja ananging gadhahi carios ingkang ngedhap edhapi, menawi ical asring dados pelus.

Duwung punika asal saking Dhusun Grenggeng ingkang kapimpin dening Demang ingkang sanget sekti. Mitutur tutur tinular demang punika pangeran saking Pejajaran. Demang punika ingkang kagungan pusaka Duwung ingkang samangke kasebat KKA Purbaniyat. Trah Grenggeng ini menjadi cikal bakal para bupati Banyumas. Cekak aosipun Kyai Kartanegara ndherek nggabung Pangeran Mangkubumi ing Kajenar, pusaka lajeng kacaosaken dhateng Sunan Kabanaran (Mangkubumi). Kanthi makaten salajengipun dados piyandeling Karaton Ngayogyakarta.

Ingkang radi aneh malih injih KKA Jaka Piturun, Pusaka putra mahkota punika cariosipun wonten pundi kemawon kaasta dening Ngarsa Dalem. Asal muasalipun kados dongeng. Nalika Pangeran Mangkubumi sarta keng garwa ingkang nembe nggarbini mapan ing lerenging Sindara, wonten kedadosan ingkang nyleneh. Saben saben Pangeran Mangkubumi mriksani njawi saking jendela, ketingal wonten tumpukan wulu manuk ingkang tambah kathah. Saben saben wonten manuk dhawah lan pejah ing sanginggiling tumpukan wulu punika. Lajeng kapriksa jebul ing sangadhaping wulu punika wonten pusakanipun ingkang mangkenipun kasebab KKA Jaka Piturun . Temtu punika namung pralampita ingkang ngemu pangertosan ingkang saged dipun tafsiraken piyambak.

Ki Juru Bangunjiwa

Wanwicara

Dhalang Kedah Saged Netesi Kekudangan

KI EDY SUWONDO



(Foto: dok Edi Suwondo).

PAGEBLUG Covid-19 ingkang dipunjalari infeksi virus Corona wonten ing saindenging jagat saestu nuwuhaken maneka werni prakawis, boten mligi gegayutan kaliyan bab kasarasan. Protokol kesehatan saking pamarentah ingkang kedah dipuntrapaken kangge malangi sumebaripun virus Corona, nyata damel panggesangan saperangan warga tansaya awrat, utaminipun bab upajiwa. SEMPULUR wawan rembag kaliyan Ki Edy Suwondo, dhalang kondhang, miwah Ketua Persatuan Pedalangan Indonesia (Pepadi) Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY), babagan daya pageblug Corona tumrap para dhalang kaliyan pakeliran.

Kados pundi kawontenan para dhalang kaliyan pakeliran salebeting pageblug punika?

Kathah pangresah ugi mawerni-werni pangudaraos saking kanca-kanca pakeliran ngengingi bab punika. Wonten ingkang saestu kepepet sosial ekonominipun, wonten ingkang sangune kandel, nanging rumaos boten gadhah celengan. Wonten ingkang mendel kemawon, nanging estunipun ngampet ngelih. Wonten ugi ingkang trimah klawan kawontenan punika kanthi wicaksana.

Malah wonten ingkang gujengan kenceng lan ngreksa kaluhuran pedhalangan, amargi pitados bilih dhalang punika kedah digdaya. Bab punika gandheng cenengipun kaliyan dhoktrin saking para leluhur ingkang ngendikakaken bilih dhalang punika boten kenging boten nggadhahi jiwa prewira. Tegesipun dhalang boten angsal nggadhahi raos wedi mati, punapa malih namung luwe lan mlarat.

Dhalang ugi kedah gadhah watak kabrahmanan, sabar, iklas, nrima, dalah kuwagang dados pepadhang ugi nyesnyes tumrap kawontenan masarakat ingkang nembe goreh. Mila estunipun dhalang kedah tengen saha ngugemi wejangan ingkang sampun katuturaken lumantar kelir.

Punapa ingkang kedah dipunbudidaya dening pamarentah ngengingi kawontenan para mitra padhalangan punika?

Lelampahan punika boten namung prakawis ekonomi wusananipun, nanging ugi fenomena sosial minangka piwucal kangge kita sedaya. Ingkang baken kadospundi pambudidayanipun pamarentah paring panjurung tumrap panggesanganipun. Sabab estu langkung kathah ingkang saestu kejepit, tinimbang ingkang gadhah ATM. Ngaten punika, Mas, kahananipun.

Mas Wondo, ing pakeliran niku wulang lakon singkir mala lan pageblug wonten ta? Saged kapendhet tuladha hikmahipun?

Wonten, Mas, kados “Durga Ruwat”, lajeng “Murwakala”. Punika ugi multi. Estunipun Murwakala ugi perlu dipun-reaktualisasi malih, nanging filosofinipun kedah dipundamel enggal ingkang gandheng kaliyan logika. Amargi generasi milenial cetha jelas mokal badhe nyumurupi alur lan isen2 kasusastran kina.

Kawontenan pageblug saniki punapa sae kawontenaken gerakan spiritual ruwatan singkir Corona dening para dhalang ruwat?

Ujubipun namung upaya kemawon lan wujudipun upami badhe kawontenaken ampun ruwatan dhalang tunggal, mangke mindhak nuwuhaken kecemburuan sosial. Prayogi kolaborasi asosiasi saking lintas-seni kemawon, upamanipun kethoprak, wiyaga, dhalang, lan sapanunggalanipun. Wujudipun kados teaterikal kemawon.

Dhalang ing DIY ingkang pangupajiwanipun namung mligi saking ndhalang punapa kathah, Mas? Umumipun gadhah samben...

Kathah sanget, senajan kepeksa kedah nyawang. Tegesipun kedah gadhah samben, nanging idhealisme dhalang tetep, namung mayang.

Pepadi ngampingi jagat pewayangan hulu ke hilir nggih, Mas? Awrat, nanging mulia.

Pepadi wiwit taun punika dening Disbud DIY kadhawuhan ngayomi penatah, penyungging, yaga ,sindhen dados tanggel jawab moral kita, saestu kedah fokus. Nyuwun pangestu saha panjurungipun kemawon, Mas, mugi-mugi pinaringan lancar, saged netesi kekudangan. **(dik)**

Oncek-oncek

Ikhtiyar Amrih Sehat Empon-empon Jawa

SARWORO SOEPRAPTO



(Foto: fit)

PANEMUNE Prof Dr Chaerul Anwar Nidom, gurubesar biokimia lan biologi molekuler Unair, Surabaya, kang mratelakake menawa virus Corona angel nginfeksi masarakat Indonesia amarga masarakat Indonesia duwe tradhisi ngonsumsi unjukan utawa omben-omben herbal sarta panganan kang akeh bumbu herbale, sawatara wektu kepungkur, narik kawigatene masarakat. Ing wulan kapisan tumekane pageblug Covid-19 (Maret 2020), sawatara bahan herbal ing pasar-pasar tradhisional regane langsung mundhak ndedel. Temulawak, sere, jahe, lan kunir – jinising herbal kang disebutake Prof CA Nidom keconggah ngawekani lan nelukake virus Corona – regane langsung ndedel. Ora mung mundhak 100 persen, nanging nganti 200 persen.

Ing pasar Beringharjo, Ngayogyakarta, upamane, temulawak kang biasane regane Rp 5 ewu saben sekilograme, langsung mundhak dadi Rp 12-15 ribu. Sere kang biasa didol Rp 6 ewu satekem langsung ganti rega dadi Rp 18-20 ewu. Semono uga jahe lokal alias jahe emprit, kang sakawit regane Rp 30-35 ewu /kg dadi Rp 50 ewu munggah. Kunir kuning, yen adate regane mung Rp 6 ewu / kg, dadi Rp 15 ewu. Rega jahe abang luwih edan maneh. Yen sakawit Rp 40 ewu / kg, dadi Rp. 100 ewu.

Ramuan wedang uwuh, kang bahan-bahanne dumadi saka jahe, sere, godhong cengkeh, kayu manis, gula batu, sarta kayu secang, ditambah gula batu, uga melu laris manis. Ora mung warga lokal Ngayogyakarta wae kang padha mborong ramuan wedang uwuh. Akeh turis dhomestik saka sanjabane DIY kang uga padha mborong wedang uwuh. Sumebar informasi yen wedang uwuh uga manjur kanggo nyegah serangane virus Corona.

Medhia sosial (Fb, grup-grup WA, twitter, lan pawarta ing internet) lan medhia massa arus utama (medhia massa cetak lan elektronika) duwe andhil gedhe jroning mbiwarakake informasi bab bahan-bahan herbal kang dikandhakake bisa nyegah lan ngawekani ganase virus Corona.

Apa kabeh mau bener?

Adhedhasar publikasi ing media sosial apadene medhia massa arus utama, ana sawatara informasi kang kurang pas lan perlu dibenerake. Aja nganti informasi mau dadi bab kang salah kaprah.

Kapisan, Prof Nidom ora mratelakake kanthi eksplisit yen herbal kang aran empon-empon iku bisa ngawekani serangane virus Corona. Panjenengane mung nyebutake yen zat aran *Curcumin* kang tinemu ing jahe, kunir, lan temulawak, *bisa didadekake* "sarana penangkal" virus Corona. Mungguh sepira daya kekuwatane zat *Curcumin* mau jroning nelukake virus Corona, durung patia jelas, amarga durung ana penelitiane. Formula zat *Curcumin* nganti wektu iki durung diuji-coba kanggo nglawan Covid-19, sebab viruse iku dhewe, yaiku Covid-19, durung diteliti ing laboratoriume Unair.

Prof Nidom mung nganjurake supaya masarakat jroning ngadhepi sumebare virus Corona aja nunggu ditemokakene obat-obat saka industri farmasi. Masarakat cukup nerusake tradhisi sing wis ana, yaiku ngonsumsi panganan lan unjukan kang digawe saka bahan herbal, mligine kang ngandhut zat *Curcumin*. Kebiasaan ngonsumsi wedang jahe, beras kencur, temulawak, kunir asem, wedang

uwuh, sarta masakan-masakan kang nggunakake bumbu kunir, kencur, jahe, sunthi, kunci, sere, cengkeh, kapulaga, mrica, krangean lan kayu manis, perlu dilestarekake. Tradhisi ngonsumsi dhaharan lan unjukan kang abumbu herbal lan rempah-rempah mau bisa meningkatake imunitas badane kang ngonsumsi.

Kapindho, bab kang perlu dibenerake yaiku magepokan karo 'pengelompokan' ing jagading herbal. Temulawak, jahe, kunir lan sere iku ora sakelompok. Temulawak, jahe, lan kunir pancen sakelompok, lan klebu jinising *empon-empon* (duwe "empu" alias umbi pokok, lan dikantheni sawatara enthik utawa 'rimpang'). Herbal liyane kang klebu empon-empon yaiku kencur, sunthi, temuireng, temu putih, temu mangga, temu giring, laos, lempuyang, kunci pepet, bengle, lempuyang, lan kunir putih gombyok. Dene herbal sere klebu kelompok rempah-rempah, sakelompok karo kayu manis, kapulaga, cengkeh, mrica / ladha, ketumbar, krangean lan cabe jamu.

Katelu, kang uga perlu dikoreksi, ora kabeh empon-empon ngandhut zat *Curcumin*. Zat *Curcumin* umume mung



(Foto: fit)

ditemokake ana ing empon-empon jinis "temu-temuan", kayata kunir, temulawak, temu ireng, temu mangga. Empon-empon kang basa ilmiahe / Latine "curcuma" kena dipesthekake ngandhut zat *Curcumin*. Jahe juga ana zat *Curcumin-e,* nanging kadhare mung sethithik. Zat *Curcumin* iku dhewe pancen nduweni sipat anti-inflamasi utawa anti-radhang lan anti-bakteri. Ing jaman biyen, sadurunge sumebar obat-obatan weton industri farmasi, wong Jawa apadene suku apa wae ing Indonesia, yen kena gaman, langsung dipopok nganggo kunir kang diparut utawa kunir kang didheplok nganti alus. Ing India, unjukan saka bubuk kunir kang dicampur susu biasa digunakake kanggo ngawekani gangguan influenza lan awak kang lagi kurang kepenak.

Dene ana ing godhong lan wit sere sabenere ora ditemokake zat *Curcumin*. Sere ngandhut lenga atsiri, kayadene jahe lan cengkeh. Lenga atsiri iki dadi zat kang ampuh kanggo ngilangake riyak (dahak) amarga watuk lan uga kanggo gawe angete awak. Mula ing wedang uwuh, sere dadi bahan utama , kejaba godhong cengkeh lan jahe. Bahan-bahan herbal mau nduweni piguna gawe angete awak, nyegah watuk lan ningkatake stamina-ne badan.

Kanggo nambah vitalitas

Yen kawawas saka pigunane, manekawarna herbal mau bisa kaperang dadi loro, yaiku (1) herbal kanggo njaga kasarasan utawa ningkatake imunitase awak, lan (2) herbal kanggo ningkatake stamina lan kasantosaning awak. Mligi herbal kanggo njaga lan ningkatake kasantosaning awak, dumadi saka (1) herbal kanggo njaga lan ningkatake kekuwataning fisik / badan, amrih tambah rosa, ora loyo, sarta (2) herbal kanggo ningkatake potensi seksual utawa kanggo ningkatake karosan ing babagan seksual.

Sadurunge bab kang magepokan karo seksualitase manungsa karembug kanthi tinarbuka ing medhia massa, jamu utawa prodhuk herbal kang sumebar ing madyaning masarakat akeh-akehe awujud jamu kanggo para wanita, mligine para ibu. Ing iklan-iklan majalah lan koran weton taun 1960-an lan 1970-an, upamane, jamu-jamu kanggo nyengkuyung ngadisalira tumrap wanita kang durung nikah (galian singset, gemuk sehat lan sajinise) apadene wanita kang nembe wae babaran ("bersalin lengkap" lan sajinise), akeh ditemokake. Jamu kanggo para priya, kang sumebar ing wektu iku, umume mung "sehat lelaki" lan sajinise. Jamu mau mung kanggo njaga kasarasane awake para priya amrih ora gampang sayah anggone makarya lan pegel linune gampang ilang. Jamu-jamu "sehat lelaki" kang sumebar mau umume durung nyrempet-nyrempet babagan seks.

Semono uga jamu wadhahan kang didol ing pasar-pasar tradhisional karang padesan, kang katujokake kanggo kadang tani lan wong kang makarya nggunakake tenaga fisik, akeh-akehe uga mung kanggo ngilangi rasa sayah, ngilangi pegel linu sarta namba karosan. Biasane, jamu-jamu kanggo ningkatake karosan mau wadhahe mawa gambar wayang (Werkudara, Anoman) lan gambar wong lanang kang badane stereg / gothot. Jamu-jamu jinis iki kagawe saka bahan utama jahe, temulawak, cabe jamu, mrica ketambahan bahan herbal liya kang pait.

Kanggo njaga kasarasan utawa kanggo kupiya amrih badan rosa lan santosa, sabenere ana ramuan kuna kang wis mratah, yaiku jamu paitan. Nanging jamu paitan iki ora akeh kang seneng, amarga paite njetheg. Jamu paitan mau biasane digawe saka bratawali, sambiloto, lan temu ireng. Yen kepengin tambah pait bisa ditambahi godhong imba lan wiji mahoni. Jamu paitan mau ora mung marakake awak ora kesel, nanging uga bisa gawe stabil-e tensi ('tekanan darah').

Ing pasaran uga tinemu jamu kanggo bocah-bocah. Biasane pigunane kanggo ningkatake napsu mangane bocah. Mesthi wae jamu jinis iki digawe rada nikmat, kanthi ditambahi madu. Jamu jinis iki kanggo ngganti jamu cekok kang wis suwe lumaku ing madyaning brayat Jawa, kang kagawe saka temu ireng lan temulawak sarta sawatara bahan liya, kayata lempuyang wangi.

Mligi jamu kanggo nambah utawa ningkatake potensi seksualitase priya (uga bisa kanggo wanita), akeh diprodhuksi lan dipasarake wiwit taun 1980-an tekan saiki. Bahane ora mung empon-empon (kencur, sunthi, jahe, temulawak) sarta rempah-rempah (cabe jamu, mrica, kemukus, krangean) ditambah madu, nanging uga herbal liya kang asale saka sanjabane pulo Jawa, kayata pasak bumi (Kalimantan), sanrego (Sulawesi), lan gingseng (Korea). Dene sing saka pulo Jawa yaiku purwaceng (tlatah Dieng, Wonosobo). Bahan-bahan mau nduweni mumpangat gawe awak dadi anget, amarga ngandhut akeh zat atsiri. Awak kang anget marakake ilining getih dadi lancar, klebu getih kang tumuju ing barang-barang wadine priya lan wanita. Nanging kejaba iku, sawatara herbal mau uga bisa kanggo ningkatake prodhuksi hormon testosteron (tumrap priya) apadene estrogen lan progesteron (tumrap wanita). Hormon-hormon mau nduweni 'fungsi' gawe gumregut lan sigrake napsu seksualitase manungsa.

Sadurunge sumebar manekawarna jamu utawa ramuan herbal kanggo ningkatake potensi sesualitas, sabenere wong Jawa uga wis biasa nggunakake herbal kanggo keperluan mau. Nanging kawruh bab ramuan herbal kanggo ningkatake vitalitas ing babagan seksual mau mung winates ing madyaning para priyayi ngaluhur. Raja-raja ing tanah Jawa, uga para sentanane, biasa nggunakake jahe (mligine jahe abang), cabe jamu, mrica ireng, kemukus lan krangean, kanggo gawe ramuan kang bisa ningkatake vitalitas ing babagan seksual. Ramuan herbal jinis iki banget diperlokake dening para priyayi amarga umume garwane ora mung siji. Garwa prameswarine utawa bojo resmine pancen mung siji, nanging garwa ampile lan selire bisa luwih saka 4. Dadi priyayi ngaluhur ing jaman semana ora mung perlu sehat lan duwe awak santosa-prakosa , nanging uga kudu duwe stamina kang dhuwur ing babagan seksual.

Kudu ajeg

Bab liya kang uga perlu dicathet gegayutane karo sesambungane empon-empon minangka ramuan nyegah serangane virus Corona, yaiku magepokan karo pola utawa cara ngonsumsi. Empon-empon kang ngandhut zat *Curcumin* bakal bisa efektif ningkatake imunitas yen dikonsumsi kanthi ajeg (rutin), syukur-syukur dadi kebiasaan padinan. Yen anggone ngonsumsi mung kala-kala, mesthi wae dadi kurang bisa ningkatake imunitas.

Bumi Nuswantara sugih kuliner (menu masakan lan unjukan) kang abumbu lan bahan utamane herbal, mligine empon-empon kang ngandhut *Curcumin* lan rempah-rempah. Masakan Padhang serta masakan-masakan saka dhaerah-dhaerah liya, akeh kang nggunakake jahe, kunir, kencur, kunci pepet, sere, kapulaga, kayu manis, krangean dan mrica. Jahe tansah digunakake ing menu masakan iwak laut, amarga uga bisa kanggo ngilangake amise. Wedang jahe, beras kencur, kunir asem, temulawak, wedang uwuh juga wis mratah dikonsumsi. Yen panganan lan inuman kasebut dikonsumsi rutin jelas gedhe pigunane kanggo ningkatake imunitase awak.



(Foto: fit)

Minangka panutup, andharan iki mung mligi ngrembug herbal alami kang bisa lan biasa kanggo nyiptakake imunitas lan kasantosaning awak, kanggo njaga lan ningkatake prakosane badan, sarta kanggo ningkatake vitalitas ing babagan seksualitas. Ikhtiyar gawe santosaning badan, gawe tambahe prakosane awak lan ningkate vitalitas seksual kang nggunakake bahan-bahan utawa zat-zat kimiawi, ora dadi underaning tulisan iki. ***

Y SARWORO SUPRAPTO, *budayawan Jawa*

Pusaka Apamor Tangkis–Tundhung



NALIKA pageblug sejatine masarakat Jawa, mligine Kraton wis duwe tradhisi wiwit Sri Sultan Hamengku Buwono V, yaiku ngirabake pusaka Kraton awujud Dwaja kang sinebut Kanjeng Kyai Tunggul Wulung lan Kanjeng Kyai Pare Anom.

Kanjeng Kyai Tunggul Wulung wis dumunung ing Kasultanan Ngayogya sejatine wis wiwit Sri Sultan Hamengku Buwono I. Pusaka iki dumadi saka tombak Kyai Dudha kang apamor tangkis, lan suwekan Kiswah Kabah tumurun saka Sultan Agung Hanyakrakusuma. Kepiya mulabukane kok Kiswah Kabah nganti tekan Mataram. Wektu semana nalika Sultan Agung nembe munggah Kaji ana Mekah, Sultan Agung banget aktif merangi wabah pageblug ing Arab Saudi. Lha sakwise wabah sirna, Sultan pinaringan anugerah saka Sultan Arab awujud Kiswah Kabah lan Jubah saka Turki. Gandheng anane Perjanjen Giyanti Palihan Nagari Pusaka loro mau dhawah ing Kasultanan. Sabanjure Kiswah Kabah mau digawe dwaja dipasang ana ing Kanjeng Kyai Dudha lan kekarone sinebut Kanjeng Kyai Tunggul Wulung. Warnane wungu semu ireng, ing tengahe ana kaligrafi pradan emas Surat Al Kautsar, Asmaul Husna lan Kalimat Syahadat. Kanjeng Kyai Tunggul Wulung diyakini duwe kekuatan supra. Mulane ing Jaman Sri Sultan Hamengku Buwono V ing taun 1820 nalika ana pageblug Pes, akeh warga Yogya kang pralaya. Esuk lara sore lampus. Sore lara, esuke pralaya. Mulane Sri Sultan Hamengku Buwono V dhawuh ngirabake Kangjeng Kyai Tunggul Wulung mubeng Ngayogyakarta. Kanjeng Kyai Tunggul Wulung ora dhewe ananging dikancani dwaja Kanjeng Kyai Pare Anom, kang warnane Kuning semu ijo kaya dene woh pare enom. Ing tengahe ana tulisan lafas Arab kang unine keslametan.

Pusaka loro mau banjur dikirabke mubeng kutha Ngayogya, Dene Sultan ngenteni ing Panepen sinambi zikir nganti parak esuk. Dene Miturut KRT Karsa Diharjo sing ngasto pusaka iku saktingkat Bupati Nayaka ing bregada Surakarsa. Kanjeng Kyai Pare Anom ditaleni ing tombak Kyai Santri. Ana pangerten menawa kang ngasta pusaka iku siap pralaya.

Ana ing sejarah kraton sabanjure, Kekarone uga dikirab ing antarane taun 1947 nalika Ngayogya ketaman pageblug Sampar. Masarakat umum banjur nyuwun marang Ngersa Dalem Kaping Sangan supaya Kangjeng Kyai Tunggul Wulung kakirabke. Sri Sultan ngabulake panyuwunane kawula NGayogya. Kanjeng Kyai Tunggul Wulung lan Pare Anom dikirab mubeng kutha Ngayogya .

Mangkat saka Kraton jam 20.00 bengi, wektu kuwi grimis. Ananging kahanan kaya ngono mau ora agawe gelane para paraga bregada kraton. Kirab mlaku ngalor liwat Malioboro, Tugu, ngalor, Jetis Pasiramanan mangulon, dalan Magelang mangidul, prapatan Pingit mangulon banjur mangidul. Puluhan kilometer ngubengi kutha kanthi mlaku. Ing ngarep Dhewe Manggalayuda nunggang Jaran. Miturut KRT Karsa Diharja (Alm) nalika semana sadalan dalan kok padhang jingglang, kamangka bengi. Sabanjure bubar Kanjeng Kyai Tunggul Wulung kakirabke kok ora ana korban kang seda maneh. Kedadeyan iku uga ngengetake nalika jaman HB 8 taun 1932 kang uga ngirabake Kanjeng Kyai Tunggul Wulung lan Kanjeng Kyai Pare Anom. Lan kasunyatane bar kirab ora ana pageblug maneh.

Keris Apamor Tangkis

Menawa Kanjeng Kyai Tunggul Wulung tombake pamor tangkis, beda maneh karo keris kang duwe pamor tangkis. Tangkis tegese uga kupiya nahan serangan. Ananging ing donyane tosan aji keris tangkis duwe teges keris kang wilahe siji ananging pamor antarane sebelah lan sebelahe beda. Wilah bageyan kewa beda karo sing tengen. Ana uga sing kiwa ana pamore, sing tengen kuwung alias tanpa pamor. Karana keanehane kuwi keris iki uga bisa dipigunake kanggo nangkis barang kang tan kasat mata. Dhapure uga maneka warna. Umume keris keris kuna, jaman Pejajaran, , Majapahit utawa Mataram. Anging kang akeh keris jalak utawa brojol umume lurus. Karana iki pusaka biasanya wujude luwih cilik ketimbang keris umume. Supaya keris itu duwe daya sing duwe uga dituntut laku kang ora sabaene.

Tangkis ana rong sisi panguripane manungsa. Ing sepisan katon ana solah bawa, ing bageyan liya ana ing atine manungsa utawa pepenginane manungsa. Manungsa uga duweni sisi apik lan elek, terang lan peteng. Mulane kekarone kudu diselaraske. Manungsa kutu jumbuh lair batine. Mulane banjur ana unen unen, Kalaum wus kinepung tepang lair batine, kadya wreksa cendhana njaba wangi njero arum, sinartan meca wicara kang mranani, istingarah sato galak dadi sanak. Menawa manungsa wung mapan lan menep lair batine, uripe bakal lolos saka prahara.

Manungsa kadya keris tangkis, senadyan duwe ciri beda ananging kudu laras lan resep. Reseping tindak lan sikap iki mahanani manungsa dadi endah kasawang, apa maneh yen katujokake kanggo leladi ing sesami lan manembah ing Gusti... Urip banjur katon endah.

Banguntulak lan Tundhung

Ana maneh keris kang duweni pamor bangun tulak. Keris iki uga piguna kanggo nolak anane sipate manungsa kang drengki , srei, lan sapanunggalane. Keris iki duwe daya nolak marang pengaruh elek kang muncul saka sikep adigang adigung adigunane manungsa. Keris apamor Banguntulak iki duweni tuntutan kang kagungan uga kudu ikhlas lair baitn, supaya daya kang kinandhut ing keris iku bisa muncul.

Keris iki umume keris keris kuna kang digawe karang nalika semana para empu kasingkirake dening para punggawa kraton liyane karana duwe pangkat kang cedhak raja.
Keris iki kegolong Keris Tundhung karana anane perdondi ing kalangane para nayaka praja ing kraton. Keris keris kang digawe jaman Pajajaran , Cirebon nganti 'Tuban akeh kang duwe pamor tulak lan uga tundhung. Kang paling monjo ing antarane ora liya Keris Brongot Setan Kober. Keris iku kegolong kering tundhung. Ana keris tundhung kang banget monjo yaiku keris yasan empu Madiun, mula banjur kasebut Tundhung Mediun. Antarane pamor tulak lan pamor tundhung iki duwe arah suwalike,. Menawa pamor tundhung iku kaya huruf v mandhuwur, ananging menawa tulak iku mangisor.

Ki Juru Bangunjiwa

Seksi Kirab Tunggul Wulung

KRT KARSODIHARJO

REPORTER Kalawarti SEMPULUR, nate pinanggih Eyang Slamet (KRT Karsadiharjo), abdi dalem kang nate ndherek kadhawuhan ngirab pusaka Kanjeng Kiai Tunggul Wulung, taun 1948. Nalika iku, yuswane Eyang Slamet, 97 taun (2008). Eyang Slamet seda yuswa 100 taun (2011). Priyantun ingkang lair ing Ngayogyakarta punika sanget wenteh nalika nyariosaken pengalamannipun ing Keraton lan anggota Batalyon satu SWK 101/III .

Eyang Slamet abdi dalem tigang raja ing Kasultanan Ngayogyakarta. Jamanipun Sri Sultan Hamengku Buwono IX, Eyang Slamet nampi paringan asma KRT Karsadihardjo ingkang pikantuk kekancingan dados abdi dalem kanca suling ing bergada Surakarsa. Ingkang sanget dados pengeling-elingipun Eyang Slamet, pengalaman taun 1948 nalika Ngayogyakarta katerjang pageblug sesakit pes (sampar). Masarakat sami bingung. Amargi kathah tiyang sakit enjang sonten pejah. Sri Sultan HB IX ngempalaken para sesepuh saha para sentana Keraton. Pepuntoning rembag, Keraton ngersakaken ngirabaken Kiai Tunggul Wulung mubeng kitha Ngayogyakarta.

Nalika kirab taun 1948, dipunkirab sesarengan Kanjeng Kiai Pareanom ingkang dipun centhelaken ing tombak ingkang kados dene Kudi ingkang kasebat Kanjeng Kyai Santri. Kekalihipun sejatosipun dados pusaka bergada Daeng lan Surakarsa. Nalika dipun kirab taun 1948 Eyang Slamet dipunpitados ngasta Kangjeng Kiai Pareanom

Nalika kirab, miturut Eyang Slamet, wiwit bidhal saking ngajeng Keraton udakawis pukul 20.00 dalu, suwasananipun padhang drandhang. Kalih bergada pasukan Keraton sinarta manggala yuda dados cucuking lampah. Saklajengipun masarakat ndherek kirab. Kawontenan banjur radi grimis, ananging ingkang ndherek kirab mboten sami mbedhal. Anehipun, saksampunipun kirab punika kok lajeng sesakit pes sirna. **(swa)**

Roncen

Gula Semut
Gawe Kulonprogo Kuncara

WIT klapa (Cocos nucifera) kawit jaman kawuri wus kawentar minangka tanduran masarakat. Tanduran kang nggejejer dhuwur kasebut akeh tinemu ing tegalan apadene ing kebon-kebon pekarangan omah warga. Sebab wit klapa gampang urip ing lemah dhataran cendhek nganti dhataran dhuwur sangisor 1.000 m dpl (di atas permukaan air laut).

Dadi tanduran wit klapa ora mung akeh tinemu ing dhaerah pesisir, ananging uga ing dhataran dhuwur sangisor 1.000 m *dpl*. Kayata ing Kalurahan Hargotirto Kapanewon Kokap Kabupaten Kulonprogo, DIY kang lemahe klebu wewengkon dhataran dhuwur udakara 500 - 1.000 m *dpl* lan klebu ing erenging Pegunungan Menoreh, saben pekarangan omah wargane mesthi ditanduri wit klapa antarane 10 nganti 15 wit. Mula saka iku sabageyan gedhe warga Hargotirto cekel gawe dadi pengrajin gula klapa.

"Kawit jaman simbah-simbah rumiyin, masarakat mriki sampun kulinten nderes legen klapa, lajeng dipundamel gendhis jawi (gula klapa)." ngendikane Byartono (60 taun) utawa Pak Byar, salah sawijining pengrajin gula semut marang *Sempulur* ing daleme kang asri, Pedhukuhan Sekendal, Hargotirto, Kokap, Kulonprogo. Priya kelairan 8 Nopember 1960 iku dhisike uga nyithak gula klapa kayadene warga Hargotirto liyane.

Merga mung ngandelake asil saka nyithak gula klapa, nalika reregan gula klapa ambleg njalari ekonomi warga melu surud.

"Sampun nate regi gendhis jawi setunggal kilogram namung sekawan ewu rupiyah, kamangka regi uwos wekdal semanten per kilogram sampun nem ewu rupiyah. Lajeng warga kupiya pripun caranipun saged ngolah gendhis jawi menika dados prodhuk enggal ingkang langkung sae, kanthi pangajab saged ningkataken ekonomi warga." Pak Byar aweh katrangan. Rikala taun 2008, Pak Byar bareng puluhan warga Sekendal Hargotirto melu pelatihan gawe gula semut kang diadani dening Koperasi Serba Usaha Jatirogo, Triharjo, Wates, Kulonprogo.

"Amargi regi gendhis semut menika langkung awis katimbang gendhis jawi, lajeng kathah warga Hargotirto ingkang alihan dados pengrajin gendhis semut. Nalika regi gendhis jawi sekawan ewu rupiyah per kilogram regi gendhis semut sampun dumugi kalih welas ewu rupiyah per kilogram."

Kajaba dadi pengrajin, pak Byar uga dadi pengepul gula semut, nampa setoran gula semut saka warga sakiwa tengene. Kanthi usaha kang temen, klebu sertifikasi wit klapa minangka bahan utamane, gula semut cap "Tawon" prodhuksi Jatisani Hargotirto Kokap, kasil tembus pasar luar negeri kayata Kanada, Amerika, Jerman, Spanyol, India, Irak saha Korea. Miturut Pak Byar rikala taun 2015-2016, piyambake bisa ekspor 3 ton gula semut saben minggune.

"Gendhis semut kuwalitas ekspor kedah sampun lolos sertifikasi, ing antawisipun sitinipun kedah bebas saking zat merkuri, bebas saking penyemprotan bahan kimiawi saha rabukipun kedah saking rabuk organik. Kejawi menika, piyantun luar negeri remen dhumateng gendhis semut amergi praktis, gampil anggenipun ngintun, tahan watawis setunggal taun, saha kadhar gula wonten gendhisipun langkung sekedhik katimbang kadhar gula gendhis pasir," ngendikane Pak Byar.

Proses gawe gula semut diwiwiti kanthi nggeneni legen kang mentas dideres, nganti dadi juruh. Sawise adhem juruh iku bakal dadi gula kang mrengkolong atos, banjur digerus nganggo bathok dadi pringkilan cilik-cilik kayadene pasir. Pringkilan gula cilik-cilik kasebut banjur diayak supaya gula semut lembute rata. Pungkasan, gula semut dipanasi sanjero oven saengga dadi gula semut kang garing kemrisik. Saka nggeneni legen nganti rampung dioven dadi gula semut garing kemrisik mbutuhake wektu udakara wolung jam suwene.

SUMARNO





Ngolah anggone nggawe gula semut, lelandhesan pengalaman, keterampilan, lan keahlian. Kudu kulina. ***(foto-smn)***

Tlaten Titen
Ngupakara Perkukut

1**. Ngedusi utawa Nelesi.**

Kutut saben-saben kudu diadusi utawa ditelesi dimen wulune mengkilat lan kalis seka kutu. Carane gunakna semprotan utawa spray kang bolongane paling cilik/alus. Sokur bage anggone ngedusi kanthi dicekeli kutute sinambi dielus-elus. Laku ngedusi kutut iki uga migunani supaya kutut lulut lan kulina marang menungsa. Mentale dadi apik, ora tansah ngablak saben weruh uwong.

2. Dipepe.

Kutut perlu dipepe, mligine saben jam 7 tekan jam 10 esuk. Gunane supaya kutut tansah waras lan ora gampang kena lelara.

3. Pakan Murwat.

Kutut butuh pakan kebak gizi, ngemot protein kang luwih. Bisa gaweyan pabrik utawa ngramu dhewe. Racikane wujud campuran Jewawut, Milet Putih, Milet Abang, Godhem, Ketan Ireng. Bisa uga dicampuri beras abang utawa menir jagung. Bab godhem lan ketan ireng kudu ngati-ati, aja kokehan. Sebab godhem satemene asipat panas. Mula trep diwenehake yen mangsa rendheng utawa hawa adhem kanggo anget-anget.

4. Vitamin

Aja lali, kutut uga butuh multivitamin supaya Hormon Testoren e ningkat saengga manuk kutut mundhak gacor utawa sregep manggung. Kejaba iku uga migunani kareben kutut tansah bregas, kuwat lan tangguh mentale nalika kutut di konkursake utawa ditandhingake ana ing lapangan. Ngenani multivitamine, penulis kerep nganggo produksi pabrik arane Kristal.

5. Pakan Tambahan

Kutut uga butuh pakan tambahan. Wujude jamu kareben mundhak waras. Jamu mirunggan iku bisa pamaos temokake kang gaweyan pabrik, arane Pil Kutut Larasati. Ing wadhahe wis ana wewarahe kepiye lan sepira ukurane anggone menehi. Utawa kala-kala bisa uga diwenehi pakan Kroto utawa Uler Hongkong.

6. Swasana Omah

Manuk kutut butuh swasana saindhenging kurungane kang kepenak. Kepenak kang dikarepake, papane kudu nentremake, nyaman lan kalis seka kewan-kewan predator (red. Kewan mungsuhe) kaya ta semut lan tikus.

BEY SAPTOMO, nate ternak kutut.

(Foto: fit)



Ruwet Rentenge Bocah DIY Sajroning Pandemi Covid-19

ANANE pageblug Corona Virus utawa kang luwih moncer aran Pandemik Covid-19 pancen wis gawe miris sakabehing bangsa lan negara saendhenging jagad. Kajaba gawe miris, Covid-19 uga wis gawe owaha-oawahan ing samubarang tatanan urip padinan. Kebijakan pamarentah jroning ngadhepi pandemik covid-19 wiwit saka tataran pamarintahan, pendidikan, sosial kemasarakatan, kesehatan lan liya-liyane sarwa dadakan lan gragaban nuwuhake sadhengah problematik sosial masarakat. Kalebu ing donyane bocah-bocah.

Kanggo miyak kahanan kasebut penulis SEMPULUR, Nyadi Kasmorejo, atur palaporan asil panalusuran efek pandemic Covid-19 tumraping bocah-bocah saendhenging Daerah Istimewa Yogyakarta lumantar para Pegiyat Perlindungan Anak, Satuan Bakti Pekerja Sosial, Pekerja Sosial Masarakat, Komisioner Perlindungan Anak Dhaerah, Pegiat Lembaga Sosial Anak, Pusat Pembelajaran Keluarga, lan sawenehing pejabat pamarintah kang kawogan.

Sawise pamarentah netepake pandemic covid-19 banjur gawe protokol pencegahan Covid-19 Sosial Distancing (ngedohi papan kerameyan), sabanjure diganti Physical Distancing (ora nganakake sesenggolan badan alias 'jaga jarak') dene praktekke ing wewengkon pegawai pamarintah Bekerja dari rumah (nyambut gawe saka omah, mligine dudu instansi kesehatan:Puskesmas, Rumah Sakit), Sekolah online Belajar di Rumah (sinau neng omah, trap-trapane kudu gandheng wong tuwa melu dadi guru). Nangguhake rapat, seminar, lan kegiyatan sing kudu ngumpulake wong akeh diganti nganggo sarana zoom meeting, webinar lan sapanunggalane.

Mungguhing bocah-bocah, kahanan mau anjalari tuwuhe problematik sosial:

Winates akses pendidikan, jalaran ora saben bocah, wong tuwane duwe piranti kanggo sinau online lan duwe kuwota data. Ora kabeh bocah duwe kemampuan padha. Ora kabeh wilayah ana jaringan internet. Ora kabeh wong tuwa duwe kepedulian babagan sinaune bocah-bocah. Durung kabeh Guru duwe kaprigelan migunakke sarana pasinaun online, wusanane mung ngalihke cara mulang neng kelas dadi liwat internet utawa hape. Akeh-akehe mung maringi tugas kanthi aweh watesan wektu ngumpulke. Bab iki ana saperangan bocah sing entuk ancaman ditokke saka sekolahan.

Bocah kowar utawa terlantar. Pandemi Covid-19 pancen nyebabake akeh wong tuwa kelangan pakaryane. Jalaran wong tuwa ora duwe kaya/pametu. Saperangan bocah banjur dadi banten/korban penelantaran, korban kekerasan fisik lan psikis.

Bocah dadi komoditas ekonomi. Akehe wong kang padha ora duwe pakaryan lan tetap kudu bisa mangan wareg, seger waras; Ora sethithik banjur tegel ngajak bocah mudhun neng dalan tanpa petung tuna bathine, saperlu adol welas kanthi piranti gerobag, becak motor (betor), sepeda kerombong lan bagor. Kahanan iki bisa ditonton ing sadawane dalan perkotaan wanci awan tekan bengi.

Diskriminasi akses layanan kesehatan, mligi bocah-bocah korban penelantaran, korban kekerasan, lan bocah-bocah komunitas marginal jroning pandemi covid-19 angel entuk layanan kesehatan. Jalaran kajaba ora kabeh punggawa duwe wawasan padha. Uga ana pranatan utawa protap layanan kang diskrimitaif mungguh bocah-bocah. Conto kasus; Bocah korban kekerasan seksual kudune bisa dirujuk neng Lembaga Sosial Anak (Panti Asuhan). Panti Asuhan ora bisa nampa lamun bocah ora dikantheni pemeriksaan rapid test COVID-19. Kamangka aturan saka kementerian Kesehatan kang diugemi BPBD pemeriksaan rapid test COVID-19 kanggo warga umur 60 munggah kanthi tandha/gejala covid-19.

Bocah dadi korban kekerasan keluwarga (KDRT), jalaran wong tuwa kena PHK. Manut pratelane sawijining konselor PUSPAGA (Pusat Pembelajaran Keluarga), jroning wektu pandemi covid-19 akeh kasus KDRT saperangan korbane bocah-bocah jalaran wong tuwa kelangan pakaryan (PHK).

Magepokan problematik sosial kasebut ing dhuwur, Sempulur nanjehake marang Suyarno, S.Sos. MA. minangka Kepala Bidang Rehabilitasi Sosial Dinas Sosial Daerah Istimewa Yogyakarta mratelakake kahanan mau pancen nyata lan ngakoni:

Anane pandemi covid-19 kabeh gagap. Saengga jroning sewulan awal pandemi covid-19 kabeh Lembaga Sosial Anak dhuweke pamarintah lan duweke masarakat tutup layanan, kalayan sing ana panti diulehke neng kulawargane. Pancen ana panti asuhan sing isih tetep ngasuh kalayan jalaran bocahe ora bisa diulehke marga kahanan keluwargane. Nanging panti iku ya ora wani nampa kalayan anyar tanpa dikantheni pemeriksaan rapid test COVID-19.

Magepokan aturan utawa protap pemeriksaan rapid test COVID-19 kang diskriminatif tumrap bocah-bocah, Dinas Sosial DIY ora bisa-apa-apa. Paugeran iku saka Kementerian Kesehatan kang kudu ditindakake dening BPBD bebearengan TIM.

Dinsos DIY pancen entuk panyaruwe masarakat, anane 'manusia gerobag', saperangan migunakke bocah kanggo adol welas neng pinggir dalan. Mula banjur koordinasi karo Tim Penjangwkauan DIY, amrih apike. Banjur ngatur amrih Rumah Perlindungan Sosial (camp assessment) buka layanan. Sateruse ngadani koordinasi karo pihak terkait Kabupaten-Kota kanggo ngadani penjangkauan. Bab iki dibenerake dening Gunadi, Kasi Rehabilitasi Sosial Dinas Sosial Kabupaten Sleman.

NYADI KASMOREJO, pekerja sosial



(Foto: fit)



Jejamon Wis Dadi Adat Budaya

Tetep Payu Laris lan Pinercaya

Jamu, warisan budaya luhur, tumekan saiki isih dadi piandele warga masarakat kanggo jaga kasarasane badan. Warung jamu tetep laris. (Foto: fit)

UWIS dadi bukti kang kawentar tumekaning manca negara menawa jejamon, mligine empon-empon khasiate pancen ngedab-edabi. Apameneh ing mangsa pageblug Covid-19. Ing Ngayogya ana pirang-pirang papan kang bisa dijujug yen pinuju mbutuhake jejamon. Ing antarane, Kedai Jamu Ginggang Jalan Masjid Nomer 23 Pakualaman. Ing papan iku nyedhiyani jamu serbuk, rajangan lan cair (wujud wedang) kanthi maneka jinis jejamon. Ana galian singset, cabe puyang, beras kencur, kunir asem, galian putri, sawan taun, ngeres linu, sehat pria, watukan, telat garap sari utawa atau galian sawahan. Katon, jamu cair paling laris, bisa diombe anget utawa diwenehi es batu. Bisa uga ditambahi kuning endhog pitik kampung, madu utawa anggur.

Sabanjure ana Jamu Cekok Kerkop warung iki papane ing tilas kuburan wong-wong walanda kang diarani kerkhof, ning banjur kocap Kerkop. Papan sing tau dadi terminal ing taun 1964 iku wusana dadi THR, Taman Hiburan Rakyat sabanjure owah dadi PURAWISATA. Senajan sing keri iki uga uwis tutup. Jamu cekok kerkop mligi ngladeni jamu kanggo bocah. Mula ora gumun yen saben esuk racake kang antri mesthi ibu-ibu sinambi mbopong bocah. Adate wong-wong kepengin nyekokake anake jalaran si bocah angel mangan, cacingen utawa arep disapih, lsp.

Ana meneh Jamu Deplok Pasar Kranggan. Papane ing Pasar Kranggan sakulone Tugu Pal Putih Ngayogyakarta. Ing kono akeh pedagang kang dodolan jamu. Sing paling kondhang ya Jamu Dheplok. Racikan jamune kaya ta kunir asem, uyup-uyup, beras kencur, sehat pria, pegel linu utawa nglancarake haid. Kawentare Jamu Dheplok Pasar Kranggan, ujare seka resep warisan leluhure Mbah Pawiro, banjur dilintir dening putra putrine Ibu Mur. Sing ngersakake jamu ing kono ora mung para pedagang pasar utawa para tamu pasar, nanging uga kerep ana para wisatawan lokal tekan turis manca negara.

Saliyane iku ana Jamu Gendhong Pasar Beringharjo. Anane jamu gendhong kang asring wira-wiri ing Pasar Beringharjo, jinis jamu kang didol werna-werna, wiwit seka jamu beras kencur, kunir asem, paitan, suruh, godhong tela gantung utawa godhong kates, pace nganti tekan pegel linu. Saliyane jamu gendhong ideran, ing Pasar Beringharjo uga ana kang dodol mentahan bahaning ngracik jamu.

Papan-papan kang disebutake ing ndhuwur, saploke ana pandemik Korona racake uga nyedhiyane empon-empon Korona. Sawungkus diregani 10 ewu rupiah. Empon-empon iku isine jahe, kunir, temulawak, kayu manis, sere, kunir lan secang.

Mligi bab empon-empon, penulis kasil nyambangi Bapak Sutrisno, tokoh jamu ing Desa Wisata Jamu Gendhong Kliringan, Bantul. Lan Bapak Udik Wisnu kang ngrenah bab empon-empon ing Lembaga CD Bethesda, Ngayogyakarta. Kekarone ngendika saben dinane nyedhiyani jamu gendul ludakara 100 gendul ukuran isi 600 ml seka pengrajin kang luwih seka 132 cacahe. Dene wujud Jamu Instan lan Wedang Uwuh udakara 20 tekan 100 wungkus saben dinane. Kekarone uga ngandharake menawa racikan jamune seka kunir, jahe,

temulawak, kayu manis, cengkeh, kencur, godhong kates, sambiroto lan empon-empon liyane. Kabeh bahan-bahan iku dijupuk seka tlatah Boyolali, Temanggung, Wonosobo lan Magelang. Sadurunge sasi Pasa kebutuhan utawa permintaan pasar terus ningkat, nanging karana sasi Romadon malah susut akeh nganti 25 persen. Nanging minating masarakat ngenani empon-empon pranyata tetep ana, sebab pilihan jejamon kang ora ngandhut bahan kimia utawa jamak sinebut herbal pancen pilihan kang wicaksana kanggo kasarasan ing badan.

Racak pemetune para pedagang jamu ing Ngayogyakarta lan saindhenge, klebu bisa ngukup bathi 100 persen tekan 200 persen seka modhale. Muga-muga anane jejamon iki tansah lumintu lan lestari jalaran iku uga klebu warisan budaya Indonesia kang kudu dijaga lan dileluri. Lan sing wigati kebukti bisa nyarasake lan nyehatake menungsa. Nuwun.

BEY SAPTOMO





Bakul jamu ora winates ing warung dhasaran mandheg, nanging tetep ana jamu gendhong lan jamu ideran. Kepara malah ana jamu kang karacik samangsa ana kang ngersakake nalika kacenyuk utawa kagawa kondur. Foto: ijy



Wulang Luhur
Kaistimewan
Kelangan Pangaribawa?

NGAYOGYAKARTA kagungan sumber wulang luhur kang lumantar saka paribasan, unen-unen, wangsalan, lan parikan wujur pitutur - piwulang mawa tutur. Padatan, wulang karumpaka nganggo tembung kang aos, cekak, mranani amarga gampang diucap, gampang dieling-eling, lan mranani kamirengake. Sanajan tembunge cekak, nanging aos, mentes. Cekak tembunge nanging gumelare pitutur jembar tebane adoh parane.



Pitutur mau bisa ingaran sawijining pratandha kaistimewane Ngayogyakarta kang kawengku ing *tata nilai hidup* masarakat. Nanging sinareng lajuning jaman, pesating rakit jaman maju, kalimputing globalisasi, akeh wejangan luhur kang wis klalen kepara wis padha ora tepung, apa maneh dunung. Sanajan saperangan pitutur isih pada asring keprungu kaprangguli, nanging werdi wigatine wis kelangan daya pangaribawa lan ora maneh bisa nuntun marang tumindak laku trapsilaning urip.

Mula, Kundha Kabudayan DIY ing taun 2020 wiwit dhudhah-





(Foto Repro karya Subandi Gitanto saka Buku Gambar Piturut Komik Punakawan)

dhudhah piwulang luhur, pitutur becik, lan wejangan urip kang prayoga. Wulang kang kadhudhah banjur rinumpaka wujud "desain stiker" kang kaunggah ing media sosial lan on line via jaringane Dinas Kebudayaan DIY. Kapacak mawi aksara Jawa, tembung pitutur lan alihbasa ing basa nasional, bahasa Indonesia. Tembung piwulang banjur bisa kopen dadi bothekan lan lumbung sumber tata nilai kang anjangkepi khazanah kaistimewan DIY.

Kayata tembung *"Jer Basuki Mawa Beya"* kaserat ing aksara Jawa banjur kaalihake nganggo basa Indonesia *"hasil kerja ditentukan oleh seberapa besar pikiran, tenaga, dan biaya yang dicurahkan. Semakin tinggi hasil yang dikehendaki, semakin tinggi pula pengorbanan yang dituntut"*. Kanyata, ora mung alihbasa, nanging uga wis rumambah tafsir utawa wis paring tebaning teges. Anggone alih basa lan negesi mesthi ora jinarak supaya dadi tafsir tunggal. Jalaran, tafsir "jer basuki mawa beya" kang kaya kapethak ing "desain stiker" iki bisa dadi sumber pengeyelane kawula mudha jaman saiki. Sebab tafsir teges kang kaya kaandharake iku bisa digawe gojekan, "semakin tinggi hasil yang dikehendaki, semakin tinggi pula pengoran yang dituntut" iku cengkah kulawan paugeran ekonomi *efisien*, "korban sekecil-kecilnya hasil sebesar-besarnya". Durung maneh, gojekane cah enom, "jer basuki mawa beya tegese aku sing basuki kowe sing beya".

Wis akeh banget Kundha Kabudayan DIY paring andharan tebung pitutur saka bothekan paribasan, unen-unen, kang wis sumrambah ing masarakat nanging kesilep dening ombyaking jaman. Kanthi pambyawarane tembung pitutur kang kajangkepi panyerating aksara Jawa lan alihbasane bisa dadi khazanah kawruh tata nilai kaisrimewan DIY.

Tradhisi pambyawarane pitutur nganggo gambar wis kulina katindakake dening para priyagung jaman kawuri. Kayata, gambar pitutur kang kanggit dengan seniman gambar Subandi Giyanto (62) saka Gendheng Bangunjiwo Kasihan Bantul. Gambar pitutur kang kalukis mawi cet ing kaca. Gambar kaca. Pitutur kang kawejangake dening para Panakawan kanthi piweling saka kedadeyan kang tumempuh marang uripe wong cilik. "Lelakone wong cilik, para panakawan iku bisa dadi kaca benggala tumrap uripe sapa wae. Gambar pitutur ki ya mung ngelingake supaya padha gelem tumindak becik," ngendikane Subandi Giyanto kang gambar pituture wis kapacak dadi buku "Gambar Pitutur Komik Panakawan" katulis dening Purwadmadi (Penerbit Taman Budaya Yogyakarta, 2015). **(pdm)**

Banyusumurup: Pangeran Pekik Perlambang Korban Politik

POLITIK ekspansi ing astane Sultan Agung Hanyakrakusuma (1613-1645) kasil nelukake Surabaya ing taun 1625. Sawise teluk Pangeran Pekik banjur diboyong menyang Mataram. Pangeran Pekik banjur dikramakake karo rayine Sultan Agung sing asma Ratu Pandansari. Salah sijine putra putrine Pangeran Pekik ing tembe dikramakake karo putra adipati anome Sultan Agung Hanyakrakusuma sing asma Pangeran Aria Mataram (sing besuke nduweni gelar Sunan Amangkurat Agung). Dadi, Pangeran Pekik mujudake rayi ipe lan uga besan tumrape Sultan Agung Hanyakrakusuma.

Ana ing *Babad Tanah Djawi* disebutake menawa Pangeran Pekik disedani bebarengan karo para pendhereke sing gunggunge ana 40 uwong. Sumber Belanda uga nyebutake menawa Pangeran Pekik disedani rikala tanggal 21 Februari 1659 bareng karo sedulure cacah loro, putra cacah siji, keponakan, lan pendhereke gunggung 60 uwong. Dene sing ndhawuhake nyedani ora ana liya ya Sunan Amangkurat Agung (putra mantune pribadi). Salah sawijining surat saka residen Belanda sing, yakuwi Residen Evert Michielsen tanggal 13 April 1659 mratelakake menawa Pangeran Pekik disedani tanggal 21 Februari 1659. Saliyane Pangeran Pekik, ana uga kangmase cacah loro sing disedani., putrane cacah siji, keponakane cacah loro, lan 60 wong sing saperangan gedhe mujudake wong sing duwe kalewnggahan dhuwur/penting. Sebabe.... miturut dhesas-dhesus , marga wong-wong mau dinuga bakal mbalela lan sekongkol merjaya Sunan Amangkurat Agung la nana wong sing disogok kanthi janji bakal diparingi kalenggahan sarta dhuwit yen ta wong mau kasil merjaya Sunan Amangkurat Agung lan kanggo kaleksanane tumindak kuwi wong mau diparingi keris lan sandhangan, nanging rencana kuwi mau bocor/kadenangan.

Ing tembe putra mahkota/pangeran adipati anom putrane Sunan Amangkurat Agung (Sunan Amangkurat II) iki benthik karo ramane dhewe. Salah sijine jalaran merga sedane eyange saka astane ramane (Sunan Amangkurat Agung) kuwi mau.

Ana pirang-pirang panduga sing nyebabake sedane Pangeran Pekik, ing antarane:

Pangeran Pekik dianggep bakal ngraman. Babagan iki diwiwiti kanthi kedadeyan ontran-ontran Rara Oyi-Pangeran Adipati Anom/Sunan Amangkurat II. Ana ing ontran-ontran iki Pangeran Pekik dianggep mbotohi/ngaboti asihe marang putune. Marga saka kuwi mau Pangeran Pekik disedani bareng karo para pendhereke. Dene Rara Oyi disedani dening pacangane dhewe (Pangeran adipati anom/ Sunan Amangkurat II) merga dhawuh/pandhesege Sunan Amangkurat Agung (ramane).

Panduga utawa panemu liya nyatakake menawa Pangeran Pekik pancen nduweni ancas bakal njongkeng/nggulingake paprentahane Sunan Amangkurat Agung. Panemu iki nyatakake menawa Pangeran Pekik nate njaluk bantuwan/dukungane Walanda supaya gelem nyengkuyung rencanane njongkeng kalenggahanae Sunan Amangkurat Agung.



Gerbang makam Bayusumurup (foto-abs)

Pangeran Pekik misungsungake ayam alas sing kawitan katon yen wedok, nanging banjur bias kluruk. Pangeran Pekik arsa misungsungake ayam aneh iki mau marang putra mantune (Sunan Amangkurat Agung) satrep karo tradhisi sing lumaku menawa para raja umume remen ngingu kewan sing aeng utawa unik. Semonoa Sunan Amangkurat Agung rumangsa ora dadi kersane (tersinggung) lan duka yayah sinipi jalaran pisungsung wujud ayam alas kuwi mau mujudake sindhiran politik kanthi maneka wadi ing sanepan ayam aeng kuwi mau.

Makam Banyusumurup

KOMPLEKS Makam Banyusumurup dumunung ana ing Dusun Banyusumurup, Girireja, Imagiri, Bantul, Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Kompleks makam iki adohe udakara 2 kilometeran saka Makam Imagiri (Pajimatan Imagiri). Makam Banyusumurup iki dikupengi dening gumuk-gumuk dhuwur lan perkampungan. Kompleks makam iki kaperang dadi 2 halaman sing siji lan sijine dikupengi pager tembok batu bata dan berdenah segi empat kanthi kiblat ngener lor-kidul.



Plataran I:

Plataran I mujudake plataran utama. Ana ing plataran iki ana seketan kijing/makam (52 buah). Miturut juru kunci ing makam iki mbiyen-biyene ana sing diwenehi cungkup. Ananging cungkup-cungkup kuwi mau saikine wis ora ana. Sing isih ana mung kari umpak-umpak tilas penyanggane cungkup. Sisane umpak iki gunggunge 14 iji kanthi maneka warna ukuran.

Ing sangisore tilas cungkup iki ana kijing/makam (21 makam) lan rong makam sing papane paling lor mujudake makame Pangeran Pekik lan Pangeran Lamongan. Makam liyane yakuwi makame Rara Oyi lan Pangeran Timur. Pangeran Timur iki putrane Pangeran Pekik sing katut diperjaya nalika isih cilik. Saliyane kuwi 21 iji makam kasebut isih ana makam liyane sing gunggunge ana 31 iji. Makam iki mujudake makam kerabat/pendhereke Pangeran Pekik. Jeneng-jeneng tokoh sing ana ing makam kasebut miturut daftar jeneng sing ana ing kana, ing antarane: Kanjeng Gusti Pangeran Pekik, Kanjeng Gusti Pangeran Lamongan, Kanjeng Ratu Mangkurat (Rara Oyi), Raden Ayu Cutang, Raden Ayu Kleting Wulung, Raden Ayu Jambul, Pangeran Timur, Pangeran Demang, Ratu Lembah, lan liya-liyane.

Ukuran dawane kijing/batu nisane Pangeran Pekik yakuwi 220 cm, dene ambane 65 cm, lan dhuwure tinggi 70 cm. Kaelokane, kijing/batu nisane makam Pangeran Pekik iki kabangun saka watu wutuh sing ditatah. Dadi, jirat (kepala nisan) lan badane nisan dadi siji (ora pedhotan). Makam iki tinutup kain putih saengga wujud watune ora katon saka njaba. Dene makame Rara Oyi dawane 200 cm, amba 60 cm, lan ora diparingi jirat (kepala nisan).

Plataran II:

Plataram II dumunung ana ing sanjabaning plataran I. Plataran II kondhang uga kanthi sebutan Bale Panyerenan, yakuwi kanggo ngleremake jenazah sadurunge dimakamake ana ing plataran I. Wektu saiki papan iki dipigunakake kanggo ruang tunggu para peziarah/pengunjung makam. Plataran II iki kaperang dadi rong plataran dening dalan sing misahake papan kuwi ana ing tengah-tengahe. Bangunan iki kerep dipigunakake minangka papane para juru kunci. Kejaba kuwi, bangunan iki ana ing wektu-wektu tertamtu dipigunake kanggo papan nginepe para pejiarah.

Pangeran Pekik

Pangeran Pekik kuwi mujudake putra dalem Pangeran Surabaya (penguwasa Surabaya). Ora ana data sing cetha karo taun kelairane. Pangeran Pekik uga mujudake keturunan kaping pitu saka Raden Rahmat (Sunan Ampel). Sawise Surabaya kabedhah dening Mataram lan Pangeran Sepuh (penguwasa Surabaya) tilar donya, Pangeran Pekik banjur ngganteni kalenggahane minangka panguwasa Surabaya. Teluke Surabaya dening Mataram iki njalari Pangeran Pekik diboyong menyang Mataram (saka dhawuhe Sultan Agung). Sawise Pangeran Pekik kaboyong menyang Mataram urusan Surabaya banjur diasta dening Tumenggung Sepanjang.

Nalika tindak boyongan menyang Mataram, Pangeran Pekik mampir menyang Butuh (cakete Pajang). Ing kana dheweke sare ana ing makam Sultan Pajang. Ing papan kono mau Pangeran Pekik pinaringan wahyu/wangsit. Wose wahyu mau nyatakake menawa ing tembe wayahe bakal dadi raja sing jaya lan keratone bakal dumunung ana ing Wanakerta (sakulone Pajang). Wadyabala/prajurit wayahe mau bakal dumadi saka pirang-pirang suku. Wayahe ing tembe bakal pinaringan asma Mangkurat (HJ. De Graaf, 1990, Puncak Kekuasaan Mataram,



Candhen utawa Makam Makam Rara Hoyi (foto-abs)

Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti, Cet. 2, kaca 215). Rawuhe Pangeran Pekik ana ing Mataram tinampa kanthi becik dening Sultan Agung. Bab iki bisa dibuktekake kanthi anane paribasan-paribasan sing ana ing kitab babad (Babad Tanah Jawi) utawa ing buku karyane De Graaf kasebut. Paribasan mau wose nyatakake menawa Sultan Agung lan Pangeran Pekik ngibarat loro-loroning atunggil sing ora bisa dipisahake nganggo apa wae. Ibarate kaya bocah kembar.

Disebutake ing kitab-kitab kasebut menawa Sultan Agung lan Pangeran Pekik kayadene srengenge lan rembulan, air mancur lan sendhange, perhiasan lan manik-manike. Pangeran Pekik uga didadekake anggota keluwarga Mataram kanthi dipalakramakake klawan dengan rayine Sultan Agung sing sesilih Ratu Pandan Sari. Sultan Agung uga nyatakake menawa Surabaya dikondurake marang Pangeran Pekik. Amung Pangeran Pekik disuwun tetep kersa lenggah ana ing Mataram kanthi ayom-ayem sarta disuwun supaya nganggep Surabaya lan Mataram padha wae tumrap diri pribadine (De Graaf, 1990, hlm. 216).

Miturut gotheke Pangeran Pekik misuwur minangka pencipta wayang krucil lan wujud-wujud wayang sing ginawe saka kulit kerbau. Wayang kasebut nyritakake lelakon uripe tokoh Damarwulan. Pangeran Pekik uga kondhang minangka pangripta Suluk Damarwulan. Miturut jurukunci Makam Banyusumurup, Bapak Jayus Puspito (51 taun), juru kunci sing njaga makam Banyusumurup gunggune ana 12 uwong. Para jurukunci kasebut saperangan kebawah pamarentah Keraton Surakarta lan saperangan maneh kebawah pamarentah Yogyakarta. Jurukunci kebawah parentah Keraton Surakarta gunggunge ana patang uwong dene sing kebawah parentah Keraton Yogyakarta gunggunge ana wolung uwong. Kompleks makam iki dijaga dening telung uwong saben dinane ana telung uwong ing saben dinane kanthi komposisi sauwong jurukunci sing kebawah parentah Keraton Surakarta lan rong uwong kebawah parentah Keraton Yogyakarta.

Crita Tutur

MANUT crita tutur-tinular ing kono, biyen-biyene Makam Pangeran Pekik dumunung ana ing Gunung Maja (sakulone kompleks makam sing saiki). Ananging merga papane Gunung Maja kasebut luwih dhuwur tinimbang makame Sultan Agung (Imagiri), mula kijinge Pangeran Pekik banjur pindhah dhewe ana ing ing kompleks makam sing saiki (papane ana ing ngisor/lengkehe gunung). Tilas makame Pangeran Pekik ing gunung Maja kuwi mau tumekane saiki ora bisa dituwuhi taneman apa wae. Jarene suket pisan ora bisa tuwuh ana ing lokasi kuwi. Jarena maneh, babagan iki dijalari marga kasektene Pangeran Pekik. Semonoa manut para winasis, makame Pangeran Pekik sapandherek lan kerandhahe dipapanake ana ngisor/lengkehe gunung jalaran dheweke dianggep mbalela utawa bakal njongkeng kawibawane ratu.

Dene kijinge Pangeran Lamongan mapane amping-ampingan karo kijinge Pangeran Pekik jalaran miturut jurukunci, Pangeran Lamongan mujudake guru kesayangane Pangeran Pekik. Merga saka tresnane Pangeran Lamongan marang Pangeran Pekik, Pangeran Lamongan nate nyatakake menawa dheweke bakal ndherekake Pangeran Pekik tekan ngendi wae. Kepara tekan saenteke yuswa.

Albertus Sartono

Sumber:

De Graaf, HJ., 1987, Runtuhnya Istana Mataram, Jakarta: PT. Pustaka Utama Grafiti, Cet. I.

_____, 1990, Puncak Kekuasaan Mataram: Politik Ekspansi Sultan Agung, Jakarta: PT. Pustaka Utama Grafiti, Cet. 2.

Sartono, Albertus, 2018, Petilasan di Kabupaten Bantul, Yogyakarta: Tembi Rumah Budaya, Cet. I.

DesaBudaya

Ditya Kala Corona Njedul ing Bangunjiwo

ORA mokal yen Desa Bangunjiwo oleh layang kekancingan saka Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta dadi Desa Budaya rikala taun 2017. Senajan isih mudha, lagi 3 taun umure dadi desa budaya nanging sapa sing ora kenal tlatah Bangunjiwo? Desa sing klebu salah sawijining pusat kerajinan tangan ana kabupaten Bantul. Saka kerajinan grabah Kasongan, tatah sungging wayang kulit Gendeng, kipas, pisau batik, nganti lukis kaca lan sakwernane pernak-pernik sing ana sambunge karo seni kerajinan tangan bebasan tan pinetung.

Sakumpama duwe gawe mantu arep nanggap wayang kulit, wayang uwong, langen mandrawanara, kethoprak, jathilan nganti hadroh apa sholawat kari nari duwite, endi sing dianggep pas karo anggarane. Kabeh samekta sawanci-wanci. Meh pesen souvenir kanggo kenang-kenangan para tamu kari milih endi sing disenengi, ana asbak seka grabah, kipas, gantungan kunci, pisau batik bisa uga ngarani manut sing dikersake. Apa malah arep ndandake surjan sak blangkone kanggo sing among tamu, neng Bangunjiwo uga ana.

Menawa para maos kagungan putra-putri cilik sakumuran SD utawa SMP kang seneng wayang lan kepingin isa mayang, ing desa Bangunjiwo ana pawiyatan dalang cilik. Para putra bisa ndherek pawiyatan dalang cilik mau saben dina Sabtu. Mapan ana daleme Mbah Jiwaraya dusun Sembungan, Bangunjiwo, Kasihan, Bantul. Siswa-siswane ora mung seka kiwa tengen Sembungan nanging akeh sing seka njaban desa Bangunjiwo. Ora mung mligi ajar ndalang, yen ana putra-putrine sing kepingin nari langen madrawanaran bisa ajar utawa gladen karo Mbah Jiwaraya. Gegadhangane mbah Jiwaraya mung kepingin para putra generasi penerus seneng lan wanuh karo wayang uga langen mandrawanaran. Sapa maneh nek ora para putra, putu lan buyute dhewe sing bakal ngrembakakake.

Upacara Adat Nyuwun Jawah

Kejaba kerajinan lan kesenian kang maju, warga masarakat desa Bangunjiwo ora ninggalake upacara adat sing tansah dilakoni para sesepuh lan leluhure. Ana upacara adat wiwitan, ana sing nyebut upacara adat tingkeb tandur, lan upacara adat merti dusun.

Sing mbok menawa beda karo upacara adat desa budaya liyane yakuwi upacara adat Nyuwun Jawah. Upacara adat iki diadani neng gunung Dlongeh mlebu tlatah dusun desa Bangunjiwa. Adat sabene upacara dileksanani rikala pas ketiga dhawa lan lemah-lemah sakantero kono padha nganti mblegag. Sumur lan sumber banyu liyane padha asat.



Wayang Corona (foto-pwn)

Warga masarakat banjur padha sakiyek saeka kapti gotong-royong ngresiki pekarangan, gunung Dlongeh lan sumber-sumber banyu. Bengine diadani donga, para wanita padha nyawisake sarat sarana, salah sijine rujak madumongso. Esuke sarat sarana dipasrahake mbah Kaum neng gunung Dlongeh bareng kabeh warga masarakat. Sakwise didongani kanthi ujub Nyuwun Jawah, rujak madumongso diedum marang sing padha teka lan diombe nganti entek ora kena digawa bali. Sakbanjure digelar kesenian jathilan pung jer. Padatan durung nganti rampung anggone njoged, udakara setengah main, wis wiwit udan.

Inspirasi Pageblug

Desa budaya Bangunjiwo gudange pengrajin lan seniman. Prasasat golek pengrajin lan seniman apa wae ana. Kamangka tarape ora lokalan, nanging sak nuswantara kepara malah tekan manca negara. Mula lumrah yen tlatah Bangunjiwa saben dinane akeh tamu seka njaban rangkah ora mung mligi urusan dagangan kerajinan, nanging wis tekan padha ngangsu kawruh bab kerajinan, kesenian lan kabudayan liyane.

Ing mangsa pageblug covid-19 iki, akeh agenda kabudayan ing Desa Bangunjiwo wurung. Para pengrajin ora pepayon dagangane, ora bisa ngirim barange. Para seniman cabar nggone mbukak layar. Sing marake prihatin maneh Bangunjiwo katetepake dadi zona merah covid-19.

Nanging pantes diacungi jempol, senajan kahanan ana pageblug corona para pengrajin lan seniman tansah semangat berkarya. Bola-bali nek seniman anane corona malah dadi 'inspirasi'. Pendamping desa budaya Bangunjiwo, Vincentius Kristiadi lan seniman lan pengrajin wayang kulit bapak Sagio sarembug nggawe tokoh wayang antagonis. Wayang klakon digawe dening Vincent lan dijenengi Ditya Kala Corona. Sengaja wayang digawe saka kertas manila, ing pangajab wragate murah lan kanggo ndudut wiranom Bangunjiwa sing bisa natah wayang bisa berkarya. Muga-muga inspirasi jumedule Ditya Kala Korona ing desa Bangunjiwa dadi 'wabah' kreatif ing kalangan generasi mudane. Mbok menawa mengko Ditya Kala Korona dadi hiasan ing kipas, apa diwujudke patung saka grabah, lan sakpanunggalane.

(foto-fit)



Candhika

Sarwa-sarwi Kutha kang Istimewa

KRT Purbawinoto



(foto-fit)

SAWIJINÉ kutha dumadi meshti ana alasan utawa sebab-musababé, mliginé amarga ana grombolan warga kang duwèni kepentingan sing pada. Upamané para nelayan lan pedhagang iwak pada ngumpul ing pesisir, suwéning suwé nuwuhaké pemukiman nelayan. Ewasemono, lairé kutha ora kaya déné sakwenèhé makhluk liyané, ora dikandhut déning guwa garbha biyungé, senajan kutha uga dumadi wiwit seka kelairané. Prastawa tata lairé sawijiné kutha sak banjuré dadi arané kutha mau, ana sing kasebut kutha pelabuhan, kutha industri, kutha istana, lan sak piturute.

Ing saindênging bawana Nuswantara, kutha umumé lair amarga warisan jaman penjajahan lan uga lair amarga owah-gingsiré jaman, upamané ana pranatan anyar. Salah sawijiné pranatan umpamané, cacahé pendhudhuk lan potensi sumber daya ing salah sawijine wilayah, bisa ditetepaké dadi kutha anyar. Rikala jamané *Otonomi Dhaerah* wiwitan taun 2000-an, akèh *panetapan* dhaerah (kutha) anyar adedasar *Undang-Undang Pemerintahan Daerah* (1999). Kasunyatan *fanatisme* dhaerah bisa nglairaké kepinginan kanggo mangertèni saat kelairané dhaerah (kutha) iku utawa *Harijadi* sawijiné dhaerah. Umbyuk raméné *harijadi* iki mawarna-warna, nanging umummé pada sênêng yèn ana pratanda paling tuwa lairé. Pramila tekan saiki, ana dhaerah (kutha) sing ngaku wis yuswa 1270 taun *(Kutha Salatiga, KR:*, 24/7/2020, hlm.6). Umuré iku ateges kutha Salatiga wis dumadi rikala taun 750 masehi, kira-kira wis awujud kutha durung ya ? Bisa kinira bilih taun 750 M linandesan saka unèn-unèn prasasti ing jaman Mataram Kuna (Hindu). Isih akèh tunggalé kutha ingkang lairé linandesan kalimat prasasti Jawa Kuna, sanajan olehé ngadani pengetan wis ana ing jaman republik utawa jaman mohderen iki. Ana manèh kasunyatan bilih pratandané lairé kutha amarga saka prastawa sejarah sakwisé Perang Jawa (Dipanegara), amarga papréntahan penjajah Kolonial Belanda njupuk peksa *(aneksasi)* dhaerah-dhaerah bekas wilayah Kasultanan & Kasunanan *(Vorstenlanden)*, ingkang tinêtêpna kanthi serat kekancingan *(Besluit Pemerintah)* Kolonial Belanda. Gandèng perang Jawa paripurna ing warsa 1830, pramila dhaerah-dhaerah ingkang tilas *vorstenlanden* madeg/lairé udakara taun 1931. Saéngga, mesti waé akèh wilayah dhaerah kang padha persis wektu lairé, amarga serat kekancingan saka Pemerintah Kolonial Belanda biasané dibarengaké 2 - 3 dhaerah. Ana manèh pèngetan dina kelairané sawijiné kutha, sing wis kondang lan pinercaya déning masarakat nuswantara, ananging anèh tumrapé layang kekancingan. Kutha kasebat mujudaké ibukuthané negara, yaiku Jakarta. Saben taun kutha iki dipèngeti ropyan-ropyan kang kondang kanthi sesilih *"Jakarta Fair"*. Perlu kawuningan bilih Jakarta dipèngeti dina kelairané amarga tanggal 22 Juni (1945), dipundhut saka prastawa*"Piagam Jakarta"* ing Sejarah Indonesia. Ing pramila taun 2020 iki dipèngeti ulang taun ingkang kaping 494, ateges lairé taun 1526 M. Ewadéné taun 1526 iki ing sejatiné mujudaké prastawa sejarah pinangka pratandha *"Pendaratan Pangeran Fatahilah ing pelabuhan Sunda Kelapa"*. Pramila iki bisa uga kasebat kutha (daerah) istimewa.


Kutha Yogyakarta (Provinsi) utawa Ngayogyakarta Hadiningrat sawijiné kutha istana ingkang sekawit mila yasan dalem Pangeran Mangkubumi ingkang jumeneng nata dadi Sri Sultan Hamengkubuwana ingkang sepisan, sapengkeré Palihan Nagari. Wiwit saka anggoné milih papan *(lokasi)*, ngrancang bagian-bagian panggonan *(tata ruang)*, nganti papan panggonan *(pemukiman)* warga, wis rinacik linandhesan filosofi budaya Jawa, mliginé adhedhasar konsep filosofis-magis. Pramila bukti-bukti artefaktual (fisik) lan nilai-nilai budaya (nonfisik) tansah kebak werdi kang adiluhung. Yogyakarta malah wis kepara ketingal pinunjulé amarga wilayah dhaerahé duwèni *potensi* alam lan budaya wiwit jaman purba, jaman prasejarah, jaman Mataram Kuno (Hindu), lan jaman Mataram Islam.

DR. KRT PURBAWINOTO, *arkeolog lan panaliti budaya.*

Cerita Cekak

LELAKU

Alexandra Indriyanti Dewi



WIS setaun Sarwono kranjingan dolanan togel. Duwit kang dienggo botohan uga ora kepetung maneh. Wis bola-bali Surti ngelingake supaya bojone kuwi nglereni anggone seneng main, ananging wangsulane Sarwono kerep marai ati lan kupinge Surti lara. Pancen Sarwono kuwi anggone main, ora tau ngepik-pik dhuwit blanjane Surti lan bocah-bocah., dasare Sarwono uga ora udud. Dadi kanggone Sarwomo, dhuwit botoh togel dianggep dhuwit lanang sing pancen dadi hake. Gandeng Sarwono kuwi ora udud utawa ngombe, kesenengane banjur disalurake ana botohan togel kuwi.

Seje pikirane wong lanang, seje uga pikirane wong wadhon. Karepe Surti, yen Sarwomo bojone kuwi duwe dhuwit kang mirunggan mbok ya dicelengi, suk mek wamcine netake bocah, ora bingung golek silihan. “Halah…, sak suwene iki kowe rak ya ora kekurangan ta, bune?” Malah nek nomere tembus aku njur isa nukokake gelang lan kalung kaya sing mbok enggo kuwi, ta. Anggep wae nek aku tuku togel ki ya nyelengi. Ming njikuke mengko yen wis tembus.”Kandane Sarwono. Surti mung menjeb karo wangsulan sengol “ Halah… mbel.” Pamcem yen dipikir jero, Sarwono kuwi arang-arang luput anggone mbedhek nomer. Sak enggo Surti uga ora duwe bukti menawa togel kuwi marai tuna. Ning sing diwegahi Surti, angger wis wiwit atrap mistik nomer ming kuwi wae sing diulek-ulek banjur lali karo jejibahan nggatekake dheweke lan anak-anakke. Malah Surti kerep kudu mung trima kekepan guling merga sing lanang luwih adreng golek wangsit supaya nomere tembus, tinimbang ngancani wengi-wengine sing samsaya krasa adem. Durung meneh nek kanca-kancane Sarwono nimbrung amarga duwe kesenengan sing pada. Sasat meh nganti byar anggone rembugan. Mangka kopi karo gula sak toples kang biyasane dadi jatah rong minggu, bablas dienggo telung wengi. Maneko werna kang diomongake pancen ananging ora adoh saka ngimpi, wangsit kang banjur digathukake karo angka-angka nomer togel kuwi. Yen wis ngono Surti banjur mbesengut . Olehe tandang gawe banjur srogal-srogol karo sengaja perabotan ngomahe dibruk-bruke supaya swarane pating grombyang sak engga keprungu bojone sak kancane. Karepe mono yo ben tamune kuwi ewuh banjur pamit mulih.

Sarwono ora kelangan akal, menawa bojone wiwit kumat anggone nesu. Sarwono alihan nggon. Sarwono ngejak pindah kanca-kancane neng cakruk lor desa. Olehe ngopi uga pindah, pesen ana angkringe lik Marno sing dodol ora adoh saka cakruk. Bab kuwi ,marai atine Surti tambah mangkel, njontong. Merga yen ngopi neng nggone lik Marno ora cukup kopi thok, ning uga sak gorengane lan kemilan liyane kaya kripik, kacang lan maneka werna panganan sing dicepakake. Mangke sing kerep kudu mbayari Sarwono.

“ Kowe ngerti ora, Sar. Wingenane Wintolo entas tembus sewidak yuta.” Mardi mbukak omongan nalika dasar nomer wiwit dibukak. “Wuuiiihh elok tenan. Lha kok mathuk men. Tembus patang nomeran, pa?” Sarwano nanggepi kanthi gumun. “Iya. Jare oleh wangsit saka Kedhung Pring wetan kali kae.”Darman nambahi. “Jan nomere ki ceplek, pas tenan. Ndilalah pasang gedhe. Yaw is cetha nawu ta.” Sugi uga ngombyongi kanca-kancane marai atine Sarwono dadi panas. “Lha nek Wintolo kae ora lawar kok, ya. Nek pasang ki sak durunge nglakoni sik. Pasa. Nek ra mutih ya ngebleng. Wani pati geni barang. Mugakna rejekine sempulur.” Mardi mbacutake gunemane. “ Wallahhh, pa ana pasa ki nggo golek nomer. Sak ngertiku ki nek pasa ki ya manekung karo sing gawe urip. Ya pancen bias nggo nyuwun rejeki ning rak kanthi usaha sing halal ta. Ora kaya awake dhewe iki.” Kandhane Darman karo ngemplok pisang goreng. “Lho, aja kleru pamikirmu. Ngene ki ya usaha

jenenge. Wong le tuku nomer ya nganggo dhuwite dhewe. Ora ngapusi wong liya. Gusti Allah kuwi paring rejeki sewu dalane. Lha ndilalahe Wintolo entuk rejekine saka tembus tuku nomer. Kuwi rak jeneng olehe prihatin kabul. Saiki banjur bisa mbangun omah terus tuku sawah neng lor desa kae." Sugi mangsuli Darman sajak ora trima. "Wis rasah dha padu. Aku genah kudu ngerti piye carane nglakoni supaya nomere bisa tembus. Yen Aku menang angkringanmu tak borong lik Marno."kandhane Sarwono manteb. "Iiiyyaakk, kaya wani wae. Pa kowe ki kuwat ngempet luwe. Lha wong nek jagongan wae pisang sak tampah entek mbok pangan dhewe." Darman mangsuli Sarwono karo ngece. Sarwono mbesengut. "Ning tetep arep tak tekadi, Kang." Sarwono nanggepi omongane Darman kanthi mantep.

Mulih saka angkringane Lik Marno, Sarwono ora bali ngomah ananging njujug omah Wintolo. Karepe mono arep takon piye olehe nglakoni sak enggo bisa ngasilake dhuwit sewidak yuta lantaran nomer togele tembus. Ning eman Wintolo sak bojone lagi plesir ana kutha. Sajake mblanjakake dhuwit saka togel kuwi. Sarwono gela, ananging Sarwono banjur entuk kabar slenthingan saka tanggane Wintolo gene sak durunge menang anggone pasang togel, Wintolo takon marang wong pinter sing omahe cedhak Kedhung Pring.

Sarwono ora nunggu sesuk banjur mbacutake lakune ana ing Kedhung Pring. Lan sajake tanggane Wintolo ora ngapusi, wong tuwa kang ana Kedhung Pring kuwi pancen dudu dongeng nanging ana tenan lan jebul sing takon uga wong saka ngendi-endi. Maneka werna sing ditakokake saka lelara tekan jodho, seka wong golek penglaris tekane wong golek pengasihan.

Sarwono kanthi dhuwit rong atus ewu kanggo mahar olehe takon, kasil entuk cara kanggo nggolek nomer sing bakal tembus. Tekan ngomah Sarwono banjur ngobong damen, jare londo Merang ketan ireng. Damen kuwi mau kanggo srana adus kramas sak durunge nglakoni pasa. Surti bojone ming gedhek-gedhek lan donga moga bojone entuk dalan padhang. Nanging Surti uga seneng lan duwe pengarep-arep gene yen bojone anggone nglakoni amarga wis mertobat saka kesenengane dolanan nomer. Apameneh olehe pasa ngebleng telung dina. Ora mangan-ora ngombe sak engga Surti uga banjur bisa ngirit. Bojone uga ora atrap nomer neng omahe. Malah kepara ndhelik ana kamar sak engga ora diparani sapa-sapa. Surti nyicil ayem.

Sarwono dhewe kaya wis tekadan tenan nglakoni. Sak liyane pasa ngebleng, Sarwono uga pasa ora lelungan. Yen bengi Sarwono tetep ora turu nyandhing bojone lan milih turu ana ngarep lawang omah kanthi lambaran godhong pisang. Adem, angin, swara ora digagas. Sing ana angen-angene dhuwit sewidak yuta sing bakal kecekel tangan, sak engga dheweke bisa tuku mobil sing dadi pepingane kawit mbiyen kanggo bisa mlesirake anak bojone. Wedi, ngelih, ngelak wis ora dipaelu, nganti wengi sing pungkasan lan wangsit sing dikarepake teka.

Udakara jam telu isuk, Surti kaget geneya krungu swara wong gero-gero lan sesambat. Mak jenggirat Surti tangi karo maspadakake kupinge. Ora pangling, kuwi swarane bojone. Surti medhun saka dipan alon-alon lan nganggeh tekene simbahe sing disinggahake ana sak pinggir lemari klambine. Surti wedi yen bojone lagi di pilara maling lha wong turu neng arep lawang omah. Sedyane malinge arep digebuk yen tenan lagi milara bojone. Ndaheba kaget Surti nalika metu saka kamar. Ora ana maling, ora ana wong-wing kejaba bojone sing sajak girap-girap weruh rerupan kang ora bisa diweruhi Surti. "Ngalih…ngalih…, aja nyedhak. Aja nyedhak." Kandhane karo tangane sraweyan. Surt banjur mlayoni bojone lan ngrangkul sing lanang. "Pak…..pak, eling."kandhane alon. Sing dirangkul banjur kaya wong kang tangi saka turu. Mung ambegane ngos-ngosan Sak wise nata ati Sarwono banjur lagi isa crita karo bojone yen ngimpi dioyak ula gedhe lan arep dimangsa. Surti mung meneng wae. Apameneh sak wise ngerti yen bojone olehe nglakoni merga adreng kepengin menang nomer. "Oooaalllaah pak…pak, mbok nggih nyebut njenengan niku. Lumrahe wong pasa lang nglakoni niku kangge ngudi kersane Gusti Allah. Mboten kok ngge srana golek nomer. Nek merga anggen sampeyan manekung njur entuk damel niku, nggih mesthi liwat mergi sing bener tur pener."Kandhane Surti. Sarwono ndhingkluk. Sedyane badhar amarga dheweke ora kuwat ngampet wedine marang ula ana pengimpene kuwi. Dadi tangi sak durunge wangsite teka. Ning arep kepiye meneh lha wong Ula kuwi pancen kewan sing paling digilani karo Sarwono. Gela, wedi lan rasa ora kepenak nggubel ana sak jroning atine Sarwono. Tiwas direwangi pasa lan nglakoni sing ana malah diwedeni dudu entuk rejeki. Sarwono sajake kapok tenan.

Rada wengi sak wise Sarwono buka, Wintolo sak bojone teka maradhayoh neng omahe. Sarwono ming ndhingkluk, isin yen kasunyataan dheweke ora bisa kaya Wintolo kang bisa ngatasi rasa wedine sak engga bisa entuk gawe. Kamangka Wintolo ki kepetung umure isih enom adoh timbang Sarwono "Jare wingi nggoleki aku, Wa.?" Pitakone Wintolo. "Ho'o. Ning kowe lagi blanja neng kutha karo bojomu." Sarwono wangsulan. "Iya. Aku ndilalahe entuk rejeki. Sawahe Bapakku sing neng Kedhung Pring kae payu dituku wong saka Ponorogo. Njur Aku dibagehi komisine karo bapakku. Ya ming sak wise ngedol lemah aku rada gela, geneya sing tuku ki jebul madeg wong tuwa. Aku rada ora cocok karo sing ngono kuwi. Ning lha wis kebacut arep piye? Angger sanake dhewe ora melu-melu rak uwis." Wangsulane Wintolo. Sarwono mlongo "Jebul lehmu entuk dhuwit ki ora merga menang togel, ta Win?" Sarwono takon. Wintolo gedhek. Sak nalika donyane Sarwono peteng. Apameneh sak wise krungu yen anggone Wintolo nglakoni pancen dienggo nyuwun marang kang murbeng Dumadi supaya lemahe bapakne payu, anggone dedagangan lancar lan rejekine bisa sempulur. ***

Grogol Banjeng Sleman, Februari 2020

Cerita Cekak ꦕꦫꦶꦠꦤꦏꦼꦏꦏ꧀

Reuni

AGUS SUPRIHONO



WADON iku sepisan maneh nyawang aku. Sikil kiwane isih ditumpangke ing sikile sing tengen. Wong lanang loro sing ngadeg ing kiwa lan tengene nguncalake panyawang ing sakiwa tengene ruwangan. Prejengan pengawal kang nandangi gaweane kanthi prosedhur standar.

Aku ngadeg lan marani dheweke. Aku wis ngira sadurunge, pengawal loro iku mesthi banjur siyaga methukkake aku. Nanging wadon kang menganggo klambi abang iku menehi isyarat supaya menehi kalodhangan wektu kanggo aku nemoni dheweke.

Wadon iku mesem tipis mbagekake aku. Sakeplasan aku nratap nyawang esem iku. Isih kaya biyen. Esem sing takgandrungi. Raine isih tetep nengsemake, mung wae ana garis-garis kandel sing nuduhake garising urip sing wis dilakoni.

“Kok kaya ora asing neng memoriku,” kandhane karo ngulungake tangan tengene nyalami aku.

Aku nampani tangane. Taksalami. Dlamakan tangan sing lumer nanging anyep.

“Maharani,” kandhaku. “Mung wae saiki rambutmu cendhak. Dhek SMA rambutmu tekan geger ta?”

“Lo, awake dhewe nunggal SMA pa?” pitakone semu kaget. “Kowe saka Sleman?”

“Saangkatan. Mung beda jurusan. Kowe IPA, ning aku IPS!”

Maharani mesem. Tansaya katon manise esem iku. Dheweke banjur menehi isyarat marang pengawale loro supaya rada ngadoh saka kono.

“Ora ngira awake dhewe bisa sapatemon ing papan iki. Adoh saka nggone awake dhewe sekolah biyen,” kandhane keprungu kaya pangresula. “Ana tugas saka kantor pa kowe tekan kutha iki?”

“Ana berita sing kudu takliput ing kutha iki sesuk. Wengi iki aku kepengin santai dhisik. Nyawang sesawangan wengi ing kutha iki,” wangsulanku.

“Wartawan?” pitakone semu bombong. Mripate sing endah iku kaya urip. Gemebyar kaya lintang panjerina.

“Mung televise swasta. Durung kondhang.”

“Hebat kuwi,” komentare. Mripate tansaya urip kinclong kaya yen nanggapi para pengagume biyen. “Seneng duwe kanca wartawan. Asring lungan rak an?”

Aku manthuk.

Dheweke biyen kembang sekolah. Sapa sing ora tepung Maharani. Pinter, ayu lan segudhang pengarep-arep endah kanggo calon bojo. Lan aku minangka wong sing ora pati kondhang ing sekolah iku mung bisa nyawang sumlengeren. Umpama panyawange iku dumadi nalika aku lan dheweke pethukan ing emper kelas biyen, mesthi critane bakal beda. Biyen dheweke mung nyawang satleraman wae yen pethukan karo aku. Ora ana esem. Ora ana kesan. Ora ana sing perlu dieling-eling marang kanca kaya aku, jalaran memorine mesthi wis kekebaken yen kudu ditambahi ngeling-eling kanca sekolah kaya aku.

“Kowe dhewe? Piye kabarmu?”

Dheweke tumungkul sawetara. Kaya-kaya kepengin ndhelikake lelakon sing wis dilakoni ing wektu kepungkur. Senajan kanthi alus, nanging aku bisa ngrasakake nggone klicatan. Lan nalika saweneh *waiters* mlaku ing cedhak nggonku padha ngobrol, dheweke pesen omben-omben.

“Aku sing mbayar,” kandhane. “Minangka pahargyan rasa bungahku ketemu kanca lawas. Apa maneh kanca kaya kowe. Wartawan kuwi saweneh profesi sing bisa gawe abang-irenge donya.”

Aku unjal ambegan dawa. Dheweke rumangsa mongkog duwe kanca wartawan. Kaya-kaya wartawan kuwi saweneh malaikat. Senajan wartawan uga bisa mati, kayadene Udin.

“Omahmu ngendi?” aku ora ngenteni wangsulane pitakonku iku. Aku ngajeni *prifasine* kanggo ora aweh wangsulan marang pitakonku iku. Kepara, pitakonku kuwi wae aku ora duwe pengarep-arep bakal diwangsuli. Aku mung kepengin ngisi dhadhaku wengi iki sing lagi kasepen.

“Udakara sakjam saka papan kene,” wangsulane karo nawakake omben-omben anyar sing lagi wae diwenehake dening *waiters*.



"Pacarmu biyen piye kabare?"

"Pacar?" dheweke ngguyu pait. Banjur mlengos. Saiki saya cetha yen ana sing didhelikake saka masalalune. "Kowe harak ngerti dheweke iku seneng dolanan cah wadon. Dheweke mung kepengin ngrasakake awakku. Ora luwih saka kuwi. Lan...sawise nandur winih dosa ing awakku, dheweke lunga ngono wae. Kuliahku neng UGM sungsang-njempalik. Aku frustrasi!"

"*Sori!*" kandhaku nggetuni pitakonku mau.

Dheweke gedheg,

"Ora perlu njaluk ngapura. Salahku dhewe. Aku kejeron nggonku mblebegake awakku dhewe."

Babarpisan aku ora duwe panyana, cah wadon kaya dheweke sejatine minangka cah wadon idhamane cah lanang. Ayu, pinter lan gampang srawung. Lan, bodho sing dadi cah lanang njlomprongake dheweke ngono wae. Aku ora ngerti cah lanang kaya apa sing duwe pilihan kaya ngono kuwi.

"Aku banjur ketemu Kahar. Saweneh tukang nagih utang. Aku rumangsa dadi wong neng sandhinge. Senajan raine sangar, nanging dheweke bisa nguwongake aku. Ora kasar yen marang aku. Kepara romantis. Aku digawa tekan kutha iki. Dheweke tresna aku lan aku uga tresna marang dheweke. Eman, uripe ora dawa. Dheweke mati dening wong sing ditagih utange!" dheweke nerusake critane tanpa taktakoni. "Saiki aku sing kudu nggenteni gaweyane. Dadi tukang nagih utang. Nglakoni urip sing kasar!"

Aku legog-legog krungu critane. Ora ngira yen dheweke bisa nglakoni urip kaya ngono kuwi. Meneng-meneng aku rumangsa trenyuh campur bombong. Pakaryan sing kudune dilakoni dening wong lanang, saiki kudu dilakoni mbuh tekan kapan.

"Kowe manggon neng ndi?" pitakone gawe kagetku. Nanging aku wis ngulungake tisu kanggo ngelap luhe sing metu saka mripate sing endah lan wiwit ndlewer ing pipine. Dheweke mesem karo nampani tisu sing takulungake, najan eseme kawistara cemplang.

"Boss..." salah sawijine pengawale nyedhaki. Menehi isyarat wektu kanthi nudingi jam tangane.

"Oh...!" dheweke api-api kaget. "Eh, kowe kudu tepung karo mitraku iki. Kancaku SMA biyen. Dheweke wartawan lo!"

Pengawal iku ngulungake tangane marang aku kanggo tetepungan. Banjur aweh kurmat kanthi mungkukake awake sawetara.

"Yen ana wektu lodhang, mampira neng omahku. Kowe mesthi bakal taksugata laras karo kelasmu," kandhane karo ngadeg lan ninggalake kartu nama marang aku. "Kowe ora lagi karo bojomu ta?" dheweke ngguyu.

Aku mesem nyawang gegere sing banjur ilang diuntal lawang café.

"Ndhan..." anak buahku nyedhaki aku lan banjur lungguh ing papan sing mau dilungguhi Maharani. "Kok tikus sing kudune dicekel malah diculke?" dheweke ngelingake aku karo nguculi *ear zoom* ing kupinge. Dheweke krungu kabeh rembuganku karo Maharani mau, kepara ngrekam.

Aku mesem. Neng androidku ana foto wong wadon. Saweneh wadon rambut cendhak. Kanthi ciri-ciri persis kaya ciri-cirine Maharani, kanca sekolahku biyen. Ana pasal KUHAP sing dilanggar dheweke gayut karo profesine saiki. Kantorku ngoyak dheweke nganti tekan kutha iki.

"Kowe tenang wae!" wangsulanku sawise takentekke omben-omben pesenane Maharani mau. "Sesuk awake dhewe mertamu neng omahe!"

Seyegan, 14/12/19-30/5/20

Penulis Sastra Jawa, anggota Pasbuja Kawi Merapi



Tetirah ꦠꦺꦠꦶꦫꦃ

Syekh Jangkung Karomahe Nyirep Pageblug

R. Toto Sugiharto

ANANE pageblug wus wiwit mula saka jamane para leluhur. Saka jaman kuna makuna, pageblug bisa gawe memala tumrap pawongan, kewan, lan tetuwuhan. Semono uga ing jamane Syekh Jangkung duk rikala ing taun 1600-an mbarengi panguwasane Sultan Agung ing Mataram. Nalika semana Syekh Jangkung kang sadurunge nyandang asma Raden Syarifuddin lan uga katelah Saridin, sinebut kagungan karomah utawa kaluwihan babagan tetamba.

Dongenge kawiwitan saka nalika gurune, Sunan Kudus njajagi kasektene putra muride kuwi ing babagan keyakinan marang Gusti Allah SWT. Mligine ngenani pati kang diyakini ora bakal kedadeyan menawa durung dadi kersane Gusti Allah. Sunan Kudus banjur nantang Saridin supaya mamah gamping. Jalaran yakin babagan pati saka kersane Gusti Allah, mula Saridin ora tidha-tidha nindakake kekarepane gurune. Sanalika jenang gamping didhahar. Nyatane, Saridin panggah waras, ora sambat sithik-sithika.

Ndilalah ana bocah sekarat digawa wong tuwane marak sowan Sunan Kudus. Sabanjure Saridin ditantang maneh dening gurune supaya nambani bocah mau sarana jenang gamping. Lha kok ndilalah sawise didulang nganggo jenang gamping, bocahe bisa tangi lan mari kaya wingi uni.

Saka dongeng mau mula Saridin katelah karomahe utawa nduweni kaluwihan bisa nyirep pageblug.

Awit saka kaluwihan kang bisa ngluwihi gurune, Sunan Kudus, mula Saridin banjur dijaluk metu saka pawiyatan ing Kudus. Saridin banjur dijangkung utawa diayomi dening Sunan Kalijaga. Mula banjur kaparingan asma Syekh Jangkung. Dene gelare Syekh saka paringan Sultan Ngerum ing Andalusia.

Ing tlatah Kabupaten Kulon Progo, Daerah Istimewa Yogyakarta, ana sawijine kecamatan kang dijenengi Lendah. Wiwit mula, tlatah kono mau diarani Landoh. Tembung Landoh menawa diturut saka carita babad kapethik saka jenenge kebo, yaiku Kyai Landoh.

Kebo Kyai Landoh mau kagungane Syekh Jangkung. Piyambake pancen nate lelaku awit saka netepi dhawuhe guru sejati Sunan Kalijaga, tapa ngambang sarana klapa cacahe loro kanggo ngambang ing segara lor nganti bablas tekan Palembang. Sabanjure lelaku dibacutake nganti tekan Cirebon lan ditutugake maneh mangetan mlebu tlatah Mataram.

Miturut abdi dalem Mas Ngabehi Surakso Susanto (79) marang ***Sempulur,*** Jemuwah (23/5/2020), nalika mlebu tlatah Mataram, jeneng Syekh Jangkung keprungu dening kawula lan prajurit

mula padha paring lapuran marang Sultan Agung. Sabanjure Kangjeng Sultan nimbali Syekh Jangkung. Saka padha adu ngelmu babagan agama, utamane ngelmu makrifat, Sultan Agung ngakoni isih ana sangisore Syekh Jangkung. Mula sabanjure Kangjeng Sultan ndhaupake mbakayune, Raden Ayu Retno Jinoli karo Syekh Jangkung.

"Nalika lelaku dumugi Palembang, Eyang Jangkung ugi nyirep pageblug. Mila kanugrahan siti saha putri Sultan Palembang, Rokhayati. Nanging Eyang Jangkung nglajengaken laku dumugi Cirebon. Wonten mrika ugi nembe nampi pageblug, kalajengaken bebadra dumugi Mataram," kandhane dikancani abdi dalem juru kunci Mas Ngabehi Surakso Sardiyo (61).

Sabanjure, Syekh Jangkung kondur ing tabone Dhusun Miyono, Landoh, Pati, Jawa Tengah. Ndilalah bebarengan karo Kangjeng Sultan, piyambake kudu methukake prajurit saka Tuban kang nggawe kraman ing latah pesisir lor. Piyayi loro mau bebarengan ngadhepi prajurit Tuban nganti padha mundur.

"Lajeng Eyang Jangkung kondur malih dateng Mataram saperlu nyirep pageblug. Dumugi sedane Eyang, nggih secara batiniah, wonten Lendah mriki. Bisa dadi tembunge moksa. Mula ugi wonten ingkang yakin wonten Palembang, Miyono, Pati. Jalaran tiyang rumiyin sami gentur tapane saderma kangge putra wayah," mangkono andharane juru kunci kanthi jeneng timur Dwijo Susanto mau. .

Dene kang aran kebo Landoh kuwi kebo bule kang wis mati sengaja ditawakake marang Syekh Jangkung. Nanging Syekh Jangkung ora nesu. Piyambake banjur donga nyuwun palilahe Gusti Allah supaya nguripake bangke kebo mau. Ndilalah kersane Allah, bangke kebo bisa tangi, urip maneh. Kebo Landoh banjur nyuwita lan ngrewangi Syekh Jangkung olah lemah kanggo ditanduri pari. Kebo kuwi kayadene wus manunggal dadi siji karo juragane. Kaya bisa ngerti apa kang dadi karepe juragane. Mula Syekh Jangkung uga katelah Kyai Landoh.

"Jalaran niki ngelmu makrifat. Aja disawang laire, nanging kepriye batine. Blegere kewan kebo, ning kok durung nganti ditimbali, kebo Landoh sampun ngertos ingkang dikersakake Eyang Jangkung," mangkono imbuhe.

Lawang Regol Telu

Pasareyane Syekh Jangkung kang uga katelah Kyai Landoh katon isih asli, durung akeh diowahi. Kepara saka lawang regol paling ngarep katon eyup jalaran ana wit kepel lan kemuning kanthi godhong kang ngrembuyung. Sakiwa tengene pasareyan uga akeh wit-witan gedhe, kayata wit rau, wungu, lan jati,

Sabanjure, menawa mlebu menyang cungkup makam, kudu ngliwati lawang regol cilik lan cendhek cacahe telu. Dadi kudu padha dhungkluk. Angka telu saka anane lawang regol mau pralambang papane urip titah janma ing alam guwa garbane ibu, alam donya, lan alam barzah.

Saliyane Syekh Jangkung kang sumare ing njero cungkup makam, ana uga makame RA Retno Jinoli, Panembahan Pati, RA Retno Dumilah, RA Retno Diluwih, tabib cacah loro, putra Panembahan Pati ana loro, kaum Kiai Mansareh, lan Ki Demang Kiai Rasyid kang mbangun mesjid.Sacedhake pasareyan ana mesjid Al Furqon kang wiwit mula kabangun kanthi payon digawe saka duk.

Pasareyan mau katon rame ditekani pawongan kang padha nyekar, utamane menawa arep pada duwe kajat, kayata pilkada utawa nyalon dadi perabote negara utawa lurah. Wiwit saka wayah esuk, awan, sore, tekan bengi, akeh tamu mbanyu mili saka manca negara, kayata Malaysia lan Amerika, uga saka tlatah Nuswantara, kayata Sumatra lan Kalimantan. Klebu Soeharto sadurunge Pemilu kapisan ing jamane Orde Baru, yaiku taun 1972 mara nyekar lan nembung njaluk kayu wungu kanggo digawe dadi tongkat komando.

Dongenge Syekh Jangkung kedadeyane uga ana ing tlatah Pati lan Kudus sarta sakukubane pesisir lor. Ana uga kedadeyane ing pesisir kidul, pernahe Parangtritis, nalika Saridin ngestokake dhawuhe Sunan Kalijaga supaya sowan jenate ibune kang durung nate weruh jalaran ibune seda nalika Saridin isih bayi.

Saliyane ngenger marang Sunan Kudus awit saka wisike ibune, Dewi Samaran,.kang ditemoni Saridin ing pesisir Parangtritis, Saridin uga meguru marang Sunan Kalijaga kang uga katelah asma Syekh Malaya.

Kasektene Syekh Jangkung uga wus katon saka wiwit dheweke isih nyandang jeneng Saridin nalika ngenger ing pawiyatan Kudus. Kala semana Saridin ngebaki kulah kanthi ngangsu nganggo ember wujud kranjang.

Meruhi kanyatan mangkono, Sunan Kudus njlentrehake marang para santrine, yaiku kang diarani "janma tan kena kinira". Ora ana barang kang mokal kalawan Gusti kang nemtokake. Jalaran uga sejatine wong umum sing durung kaduman pikir.

Pratelane saka kedadeyan mau, Sunan Kudus ngandharake kayadene wong kang ngangsu kawruh, ana kang nggawa wadhah ember, cething, utawa malah kranjang. Santri kang nggawa ember lan cething luwih gampang anggone nampa kawruh dene santri kang mung sangu kranjang ya mung sithik anggone bisa nampa kawruh.

Dene kanggone Saridin, pratelane saka wadhah kranjang, piyambake bisa nampa banyu utawa kawruh kang isih tememplek nelesi lan netes-netes nganti bisa ngebaki jedhing. Isih bisa nampa sanajan akeh banyu utawa kawruh sing migunani. Dene sing kecer kuwi kang ora migunani.

R. Toto Sugiharto

BAMBANG SUSILA JR

Apa isih keprungu dongenge biyung



(foto-fit)

Nalika lampahing Sang Satriyatama randhat, kasrimpet rikat
lakuning titi mangsa.
Alon mangungun sadawaning pangarep-arep ana suluh sarana
pepadhang.
Lurung kagubet pedhut kumelun, rinasa suwung telenging nala.
Tipising rasa pangrasa kagerus tumekaning prahara tumapaking kalabendu.
Pangaribawane murca sinengker bebalake Durgandini
Ati datan kwawa nampani dayaning prahara, iya kamardikaning kamurkan

Gurit cekak ngesok pangangen tumibaning Kalabendu ginaris.
Durgandini nibakake wisa panglimunan ing sadawaning dalan.
Andhepani sabarang laku minangka dewaning pepeteng sinuba-suba.
Lamun cetha wela-wela sinebut lali datan kelingan.
Nora beja lamun eling tinrajang wani.
Dora nistha kasrakat mawut kelangan pandulu.

Apa isih keprungu dongenge biyung, donyaning pangimpen?
Kinarya lakuning rodha kalacakra tumapaking Nagadina:
Tumapak mangalor kahananinging kekarepan,
mangidul tumiba gisiking samudra kanepson,
lampah mangetan methukake kamurkan,
Ngulon kumpuling jiwangga kumprung.
Mangkono?
Nalika Sang Diwangkara lingsem dhelik aling-aling katon.
Donyane pangangen angen, peteng dhedhet leliwengan.
“ Beja bejane kang lali luwih beja kang eling lan waspada”

Gending Swara Blero

Pupusing pangarep-arep manjing winates ing panggraita,
kapurba lampahing gendhing swara blero.
Prasasat datan kapiyarsa prabawaning pradangga, nyamut-nyamut,
kasaput kahanan garising jaman.
Ilang...

Kapang,...
Sih iku dumunung ing telenging nala.
Kinarya keplasing mega sanajan ilang, nanging mesthi ana.
Sinawung ing sajembaring mega biru.
Ingga langit hangestreni tumekaning Gendhing mangungkung.

Ungeling waranggana angelangut ing awang-awang.
Keprungu cetha sedhela ilang, manjing manjila ing pupating warsa.
Gumawang ing pangangen-angen.
Ing pangangen-angen...
Tetulake mrih bali sesuci toya pitung sumur
Apa kudu bengok-bengok tumungkul ing lambe genthong?
Balekna, Thole gendhing mangungkung nywara blero.

Gambuh Pamomong Raga

Iki pituwase Petruk ya, Le manawa urip iku urup,
nanging urup uruping senthir prayogane, dudu geni molat molat,
tundhone ngobong kabeh kahanan gawe dredah gotrah ngaruara
Gambuh iki pomomonging raga, pangeling-elinge suksma kang lali:

Yen priyangga kasampur,
tinuladha patrap jujur luhur,
patrap adigang, adigung, pun singkiri,
adiguna nenggih puguh,
yen kebanjur durangkara.

Thole iya nyumurupana;
Lamun becik ambangun budi andayani daya cipta rasa lawan karsa
Najan kabeh mung gegambaran, sakecap ilat muni tanpa petung
Thole, lire urip ora ngangsa, angon wektu angon raga ulah ati patrap sumeleh
Ndhuk Cah Ayu,...
Ngulat sarira hangrasa wani, angilo githok mijiling subasita
Patrape padhang semune jujur, linambaran ati tulus
Padhang sunare rembulan, ayom kalawan ayem
Mulih mula mulanira bali mring kapribadening bangsa
Lampah prasaja anglembah manah ginawe tentrem
Ngempakna isin ajining diri, reganing raga .

Paseksen Segara Kidul

Jumleguring ombak kumelun segara kidul
tumeka, wekasan tumuli
Tekadku isih kepengin bali,
nyaru wuwus, aweh kabar apa.

Lamun kalindhes kagulung alun gumulung
kabentus padhas sinabet karang watu gisiking samudra...
Pengkuh angrengkuh gegering pesisir,
kabuncang laku ambane jurang
Datan kwagang nampani dayaning rasa

Kapurba wasitaning lampah,
Ndhepani dawaning kandha lan tulusing janji. Najan
pupus dadi carita lungit, apa iya jagad peteng bakal sumilak
prasasat kadya nitik tapaking kuntul ngleyang,
Lakuning pesthi dumadining sangkan paran..
Kangenku mung kepengin bali, nyumurupi alun-kumelun segara kidul, nyaru wuwus, aweh kabar apa?

Marang pesisir Baron,
umbaraning ron-ron garing kumleyang tumiba,
ginelar ing sajembaring Jagad,
datan kalimput ing pangoning Titah .
Elik elik elinga saka lali..

Ing pesisir Sundhak,
dumadining Asu Landhak
werdining sirna ilang kanepsoning jiwangga,
mijil byar tumungkul ing pepesthen,
jumangkah mulih mula mulanira..
Nalika ing pesisir Krakal
Dennya laku patraping manungsa,
datan alus dalaning titah akeh sela tumungkul
anyenyandhung lantiping driya dadya pepalang ..

Marang pesisir Sepanjang,
pangrengkuh panjangkaning pangangen-angen
datan jinangka lamun jumangkah.
Lungaku mung mampir ngombe sasiwur sedhela,
sluman-slumun slamet ....

Ing pesisir Sadheng,
dennya lelaku sedheng, sekeng pangupa jiwane,
mungkret greget seret, kaseret kagulung alun.
Wohing kamurkan ilang pangaribawane...

Marang pesisir Wedhiombo,
ambaning donya winates, tedhak ingaran adoh
laku jantraning ngaurip,

Alun segara kidul,abang biruning rasa...
Praon lelumban ing madyaning jaladri bawera,
Dawa sadawaning carita Nyi Rara Kidul

Wingit pepesthening Gusti,
Lungit rinakit ing panggraita,
sinawung ing sajembaring mega biru

Kapangku mung kepengin bali,
nyumurupi alun-kumelun segara kidul,
minangka dadya paseksen

Bambang Susila, Jr. (Bambang Suharnanto Susila), penulis sastra. Logandeng RT 020 RW 005. Logandeng Playen Gunungkidul. Kelairan, 19 Januari 1971.
HP 087839591543 bambangsuharnantasusila@gmail.com

Macapat

Jogja Tetep Istiméwa

YOHANES SIYAMTA

DHANDHANGGULA

I
Sabakdané mardikaning nagri,
Sultan Hamengku Buwono Sanga,
lan Paku Alam Woluné,
medhar amanatipun,
tanggal lima Séptember sasi,
ing taun papat lima,
ngaten isinipun,
Yogyakarta hadininngrat,
manjing jroning wewengkonipun nagari,
Republik Indonesya.

II
Amanat menika dados bukti,
yèn Ngayogyakarta istiméwa,
mangkono mula bukané,
ngantos mataun-taun,
mlampah saé tanpa perdondi
mobah mosiking jaman,
rame tuwin ribut,
kalenggahan istiméwa,
dipungugat lan badhé dipunicali,
wong Jogja ora trima.

III
Kawula lan wakil rakyat bangkit,
wongsal-wangsul dirembug ing Dewan,
ngasilken keputusané,
telu las nomeripun,
taun rong éwu rolas nenggih
Undang-undang menika,
dados cihna tuhu,
Jogja tetep istiméwa,
samenika ngantos ing salami-lami,
kerta tata raharja.

Bedog, 2020

YOHANES SIYAMTA, pustakawan lan sastrawan Jawa.



(foto-fit)



Nduwur Empu Sungkawaarumbraja (foto-swa)

EMPU SUNGKOWOHARUMBROJO

Pamor Pusaka NGusir Pageblug Wahyu Tumurun

PUSAKA kagem nolak pageblug utawi tolak bala, miturut Empu ***Sungkowoharumbraja,*** umumipun anggadhahi pamor ingkang benten sinaosa punika setunggal wilah. Tegesipun pamor ingkang sisih ngajeng lan suwalikipun punika mboten sami. Utawi kasebat ing paduwungan injih ***pamor tangkis.*** Lajeng pamor punapa ingkang umum. Biasanipun pamor ingkang kagem nolak bebaya pageblug kasebat pamor Wahyu Tumurun, dene suwalikipun kelengan utawi pamor tundhung, utawi pamor banguntulak.



Nalika dipunpanggihi ing besalenipun Empu Sungkowo nelakaken kados Kangjeng Kyai Ageng Tunggul Wulung sarta Kanjeng Kyai Santri punika ugi gadhahi pamor tangkis lan adhapur sepuh. Ingkang sinebat dhapur sepuh punika kadosta dhapur kudi, lan dhapur ingkang sanget prasaja.

Dhapur sepuh miturut Empu Sungkowo anggadhahi perbawa pengayom mungguhing masarakat. Kadosdene ingkang dumados ing Keraton NGayogyakarta lan ing karaton pundi kemawon umumipun

pusaka piyandel punika adhapur prasaja lan sepuh, kadosta, Jalak Sangutumpeng, Jalak Dhingin utawi Jalak Dhindhing. Kagem pusaka raja ing Karaton Ngayogyakarta kasebat Kanjeng Kyai Ageng Kopek adhapur Jalak Sangutumpeng, kanthi pamor lar gangsir. Dene warangkanipun injih punika cendha wangi kepang. Punika nggadhahi sanepan utawi pralampita bilih ingkang kagungan punika sampun sampurna lair batosipun. Karana Cendhana gadhani perlambang: Kalamun wus tepang lair batine kadya wreksa cendhana njaba wangi njero arum, sarta meca wicara kang mranani istingarah sato galak dadi sanak. "Punika lambang bilih ingkang kagungan pusaka punika sampun purna ulah lair batos. Lan saged dados pengayom lan pengayem mungguhing masarakat," ngendikane.

Dene piyandel kagem putra mahkota sinebat Jaka Piturun, adhapur Jalak Dhingin utawi Jalak Dhindhing apamor Wahyu Tumurun karana mangkenipun ingkang kagungan badhe nerasaken wahyu ingkang sampun dipun regem dening ramanipun. Saged ugi dados panandha bilih ingkang kagungan punika sampun pinilih nerasaken ngasta pusaraning praja. Keris keris utawi waos sepuh punika minangka tindhih utawi pengayom mungguhing masarakat. Menawi ing pewayangan, Empu Sungkowo nyebat kadosdene panakawan ingkang damel tentrem lan ayem para kawula alit karana gojegan lan tingkahipun.



Pusaka Manggalacakra, pusaka yasan enggal. Pucuk Cakra cacah pitu nganggeng landheyan kaya tombak. ***(foto-swa)***


Sinaosa ngaken dereng nate ngasta pusaka kagem nyirep pageblug ananging Empu Sungkowo yakin mengawi donga sarta para empu rumiyin nalika yasa pusaka punika lampahipun awrat. Empu Sungkowo nelakaken bilih yasa pusaka ingkang umum kemawon menawi kraos radi emosi sekedhik tentu lajeng kendel mboten nerasaken yasa duwung. Karana mangke menawi dipun terasaken malah adamel duwung nggadhahi angsar ingkang boten sae. Radi Brangasan. Makaten ngendikanipun Empu Sungkowo.

Ngantos sepriki Empu Sungkowo taksih kathah pesenan, sinaosa mangsa pageblug. Malah priyantun saking Malaysia, Singapura lan mancanegara taksih sami pesen. Empu Sungkowo radi karenan karana sakpunika tiyang Jakarta, Semarang,Surabaya, malah tangga tepalihipun ugi sami pesen kapurih damelaken pusaka. Panci wonten pengaruhipun ing wanci pageblug punika, ingkang sampun dados pesenanipun dereng kapundhut karana dereng wantun tindak Yogya. Ugi karana situasi ekonomi ingkang kirang sae. Ananging sedaya punika dipun lampahi kanthi sujud syukur.

Empu Sungkowo nggadhahi panjak (Pembantu nggebag ing besalen) kalih. Lan anggenipun makarya ing wanci siyang. Dene ingkang sami pesen wonten ingkang ngasta pamor piyambak saking meteor, lan wonten ingkang nyuwun mawi nikel. Dene ingkang pamoripun meteor radi mirunggan. Umumipun meteor saking Jerman, Belgia ingkang pun asta dening para pamesen punika kadhangkawis nikelipun namung sekedhik, kathah unsur Fospor. Bab punika mahanani keris saged sumunar ing wanci dalu. Dene menawi nikel punika namung pethak sumilak. Menawi mawi pamor meteor umumipun pethakipun wonten gradhasi werni, gumantung unsur ingkang kinandhut ing meteor.

Menawi wonten priyantun badhe pesen duwung umumipun dipunsuwuni priksa tanggal lair lan profesi. Punika kagem nemtokaken dhapur saha pamor ingkang badhe kababar. Ngantos dinten punika menawi pesen duwung ing Dhusun Gathak punika kapathok mahar 15 yuta ngantos 20 yuta gumantung prabotipun. **(swa)**

Siti karo Slamet



STRAWARDAJO, *Siti Karo Slamet*, I.

Kapethik saking **Siti karo Slamet** *(1931) dening Mas Samoed Sastrawardaya. Wedalan J. B. Wolters Groningen- Batatvia*

ꠇꠣꠞꠣ ꠇꠣꠞꠣ ꠇꠣ꠆ ꠇꠣꠞꠣ ꠇꠣꠞꠣ ꠇꠣꠞꠣ

Sujarah Pangiwa lan Panengen

SERAT Sujarah Pangiwa lan Panengen l kandelipun 196 kaca. Kawontenanipun sampun kirang ngremenaken amargi saking sepuhipun. Adisastra punika koleksinipun Balai Bahasa Yogyakarta. Sanajan makaten, dening lembaga kasebat karimat kanthi sae sanajan kertasipun sampun sepuh semu soklat.

Wosing *Serat Sujarah Pangiwa lan Panengen* punika nyariosaken sarasilah/silsilahipun para leluhur Jawi saking jamanipun Kangjeng Nabi Adam ngantos ing pungkasanipun lumebet ing jamanipun Kangjeng Sultan Hadiwijaya (Sujarah Panengen). Kejawi punika, sarasilah Kangjeng Nabi Adam kapungkasan ngantos jamanipun Sri Sultan Hamengkubuwana VIII (Sujarah Pangiwa).


Pengetan


Ciri sujarah Panengen, dumugi kaca: 40, gathukipun kaliyan Trah Pangiwa, keratin ing Nagari Demak (Bintara) wiwitan ciri: I:

Ciri, Sujarah Pangiwa, dumugi kaca: 49: karaton Nagari Majapahit ingkang wekasan.

Sujarah Pangiwa gathuk kaliyan Trah Panengen, kaca: 52: sangking wiwitan ciri: II. Inggih punika ingkang manceri ing kraton Tanah Jawi, sapiturutipun, dumugi karaton ing Ngayogyakarta Hadiningrat kaca: 112:

Ngarsa Dalem Sampeyan Dalem Ingkang Sinuwun Kangjeng Sultan Hamengkubuwana Kaping VIII.





Serat Sujarah ingkang sangking Panengen dumugi karaton Tanah Jawi, wiwit kangjeng Nabi Adam. Ciri sujarah urut pancer gumathuk dhateng karaton utawi Trah Seda Kedhaton, Trah Panembahan, Trah Jayadipuran, sapiturutipun, Seratanipun kaca angka Latin.

Kangjeng Nabi Adam, puputra kawandasa kalih, kembaran, nanging mboten kapratelaken namanipun satunggal–satunggal, amung ingkang jejer anggentosi kemawon, kathahipun kakali.

2.1 Kangjeng Nabi Sis, anggentosi Kanabeyanipun

2.2 Sultan Kayumarat, anggentosi karatonipun, nama Sultan Kayumutu, ing Nagari Kusneyamalebari.

3. Kangjeng Nabi Sis, garwanipun widadari, nama Dewi Mulat, apuputra kalih:

3.1 Sultan Anwas, anggentosi marasepuh, Sultan Kayumutu.

3.2 Sayid Anwar, dados dewa, nama Sang Ywang Nurcahya, ing wingking kapratelakaken turunipun. Sultan Anwas, garwanipun nama Sitikayati, puputraning Sultan Kayumutu, apuputra tiga: 3: iji:


4.1 Sultan Kinan

4.2 Sultan Pinad

4.3 Siti Sekhan, angsal Sultan Malkan.

Sultan Kinan, garwa nama Siti Amah, putraning Sultan Tuh Murah, Sultan Tuh Murah, putraning Sultan Kayumutu

Sultan Kinan apuputra: 1: satunggal. **(dpp)**



Thinthingan ꦠꦶꦤ꦳ꦶꦁꦔꦤ꧀

Beoku lan Jolendhu: Rabuk Pratiwining Jagad Sastra Jawa

Judhul : **Beoku lan Jolendhu**	Kandel : **214 kaca**
Pengarang : **Narko "Sodrun" Budiman**	Penerbit : **Buana Grafika, Yogyakara**
Jenis Buku : **Antlogi Crita Cekak**	Cap-capan : **ka-1, April 2020**

SING dakngerteni, pengarang Sunarko (Sodrun) Budiman wus suwe lelumban ing madyaning sastra Jawa, lan antologi *Beoku lan Jolendhu* dadi paseksene sapa satemene pengarang saka Tulungagung iki. Akeh karya-karyane sing wus diserat, luwih-luwih sing awujud crita cekak. Saka cathetan sing dakduweni, pengarang iki pancene klebu pengarang sing seneng golek idhe sing ora dakik-dakik nanging unik. Kaya dene cerkak sing didadekake judhul antologi iki. Kejaba unik, dheweke uga baud gawe crita-crita fiksi sing cakrike humoris. Ora saben pengarang bisa mangkono, amarga gawe crita lucu kuwi ora gampang lan kudu duwe srana sing cukup: ora mung saka pepake tembung, nanging uga carane mbabarake idhe. Gawe "mesem" (ora prelu nganti nyekakak) kuwi kalebu ewoning "kasagedan" sing pinilih.

Saka irah-irahane wus katon menawa Surnarko Budiman kepengin gawe crita cekak sing ora madhani karo duweke pengarang liyane. Dheweke kepengin beda nanging nganggo dhasar sing gumathok. Dhasar gumathok iku sing nemokake mesthi bae si pengarang nalika mecaki jantrane *penulisan* sastra Jawa. Pancen pengarang kuwi duwe kebebasan anggone nulis (*Licencia Poetica*), ewa semono, pengarang ora banjur sageleme dhewe anggone laku "mbeda" (ora padha karo liyane). Kebebasan, kepengin mardika saka "paugeran gumathok" kuwi dadi dalane wong sing kepengin "njajah desa milang kori" ana ing madyaning kreativitas seni (kagunan), kalebu para pengarang Jawa. Wose, marga kepengin nduweni yasan sing anyar lan unik, mula pengarang wani mlebu-metu laladan sing arang (kepara durung tau) diambah dening liyan. Ing kahanan kaya mangkono mau, amarga "kekendelane" sing duwe sing linambaran wewaton, pengarang bisa nemu gagasan-gagasan anyar sing bisa nambahi seserapan tumraping liyan. Antologi sing macak 26 judhul iki pancen ditulis ora sagrudugan, nanging kumpulaning tulisan pirang-pirang wektu (wiwit Februari 2011--Juni 2018, sing dipacak ing hudyana *Panjebar Semangat* lan *Jaya Baya*, Surabaya). Kurang luwih pitung taunan, iku ateges iki satemene gambaran lumakune gagasan si pengarang anggone nyemak kahanane masarakat utawa panguripane manungsa iku dhewe.

Sunarko Budiman, kanthi *elan vital* sing tansah jinaga bisa nuduhake tekan ngendi katresanane marang sastra Jawa jinis crita cekak. Sastra kuwi, utamane tumrape Jawa, pancen "dipercaya kudu" migunani tumrape liyan, nanging tumrape pengarang kaya Sunarko Budiman, migunani iku uga ngunggah lan sauntara uga "njenggit" lirih murih manungsa bisa maspadakake kahanan kanang-keringe. Crita cekak cacah 26 judhul iki duwe sipat sing beda-beda lan dilarasake karo wektune nalika sawijining prakara ditulis. Mula, karya sastra kuwi "bisa" kanggo nyemak kahanane jaman, luwih-luwih sing wus lumaku. Jalaran, ana sawatara prakara sing disupekake dening wong umume, nanging tumrape sawijining pengarang kudu dicathet amarga unik lan bisa dadi panggugah ing tembene (mangga diwaos cecalane si pengarang).

Kanthi laire antologi *Beoku lan Jolendhu*, ora liya jagad sastra Jawa nampa rabuk sing saya gawe subur pratiwining jagad sastra Jawa. Sing bisa dicathet saka pengarang Sunarko Budiman, satemene anggone "sodrun" kuwi uga nuduhake kasetyane marang sastra Jawa ananging kanthi cara ora kepengin ngembari. "Sodrun" kuwi wolak-walike kekarepan sing diancas: nglairake gagasan sing "migunani". Embuh kepriye "gunane" kuwi, gumantung karo sing padha maos, amarga tugase pengarang kuwi yasa karya, dudu ndunungake makna.

*****

Kulon Progo-DI Yogyakarta, 12 April 2020
Dhanu Priyo Prabowo
Panaliti Sastra Jawa

Salya Mangsah Yuda

CERGAM MULYANTARA



PERANG BHARATAYUDA WUS TUMAPAK 17 DINA. PARA RAJA SRAYANE KURAWA SAWADYABALANE TUMPES TAPIS TANPA SISA. PARA SENAPATI GEGEDHUG KURAWA, ENTEK. KURAWA SING SADURUNGE PERANG CACAHE 100, KARI PRABU DURYUDANA LAN KARTAMARMA.

BYAR ESUK, DINA KAPING 18. MAHASENAPATI KURAWA DIASTA NATA MANDARAKA PRABU SALYA (MARASEPUHE PRABU DURYUDANA). NGERIGAKE WADYABALA MANDARAKA.

PRABU SALYA IKU DIGDAYA BANGET. DUWE AJI CANDHABIRAWA. YEN AJI MAU DIWATEG, BISA MIJIL BUTA BAJANG SIJI SAKA GUWAGARBANE. YEN BUTA BAJANG DIPATENI MUNGSUH, SANALIKA URIP MANEH DADI LORO. LORO DIPATENI DADI PAPAT. PAPAT DIPATENI DADI WOLU. LAN SATERUSE. SUWE-SUWE PAPRANGAN KEBAK BUTA CANDHABIRAWA. NGEREG LAN NYESEP GETIHE MUNGSUH.





WAYANG *Golek Menak Ngayogyakarta. Boneka wayang, golek kayu, rinengga busana lan sunggita—gan kang ed. kanggo mbabar Lakon Menak, lakon kang sumberi saka sastra Parsi kang wis kasalin dening pujanggan jawa ing Serat Menak lan Serat Ambya.* **(foto-ifid khusnul)**

ISSN 2085-2673